Jam delapan pagi, Sudarmi terpaksa berangkat lagi ke kantor desa. Menurut Sudarmi, ini sudah masuk jam kerja. Pasti kantor sudah dibuka dan dia bisa bertemu dengan Lurah. Masuk di pelataran kantor, sudah banyak pegawai selain Hansip. Tanpa ragu lagi, Sudarmi melangkah saja menemui salah satu pegawai.

“Mau lapor, Pak,” kata Sudarmi.

“Tapi Pak Lurah baru saja keluar,” jawab pegawai itu, tetap tidak menyuruh Sudarmi masuk kantor. Malah di luar kantor ada tiga hansip yang akan menghalang-halangi langkahnya memasuki kantor.

“Ini perkara penting!” Sudarmi sudah tak sabar.

“Semua perkara penting.”

“Saya ingin menuntut keadilan, menuntut hukum yang benar.”

“Tapi Pak Lurah keluar.”

Diberitahu dua kali jika Pak Lurah keluar, kepala Sudarmi jadi pusing. Wajar saja karena sejak kemarin perutnya belum terisi nasi. Bibir Sudarmi pucat gemetar.

“Saya menuntut hukum yang benar, Pak. Gerobak cendol saya hancur. Saya minta keadilan.”

“Pak Lurah masih belum datang.”

“Gerobak saya hancur, Pak,” suara Sudarmi memelas.

Pintu kantor tetap masih belum dibuka untuk Sudarmi. Perempuan itu masih berdiri di luar pintu. Tiga hansip itu menghalangi Sudarmi.

“Saya tidak bisa jualan lagi, Pak.”

Perut Sudarmi melilit seperti diperas. Pegawai di depannya mulai terlihat samar. Pun hansip yang memperlihatkan wajah sangar.

“Kantor ini juga kantor saya. Kenapa saya tidak boleh masuk?” tanya Sudarmi lagi.

Samar-samar dalam pandangan Sudarmi, kantor dibuka dan matanya bisa melihat bahwa Pak Lurah sedang duduk di kursi sambil membaca surat.

“Silakan masuk.”

Sudarmi melangkah masuk. Bersamaan dengan itu pusing di kepalanya semakin menjadi-jadi. Perutnya terasa dingin. Keringatnya menetes-netes di pipinya. Sudarmi berdiri menuju ke hadapan Pak Lurah. Belum sampai berbicara, Sudarmi jatuh pingsan. Bibirnya terkatup tak berucap.

Panjebar Semangat, No. 2

Tanggal 12 Januari 2002

*Lampiran 9*

## Cerpen 2

**ALUN ISIH GUMULUNG****Dening: J.F.X. Hoery**

Ajaa murid-muride sing ngajak ngono, dheweke wis emoh midak papan iku. Amarga ngarepake liburan kwartal, murid-muride nyuwun darmawisata. Kebeneran sing disuwun kok menyang teluk Barehan. Teluk segara kidul sing ombake gedhe-gedhe lan mujudake dhaerah sing akeh nyimpen crita-crita misterius. Kayadene ing kene jare kratone Nyai Rara Kidul, ratuning para lelembut. Ana maneh, jare yen dolan menyang pesisir segara kidul, ora oleh nganggo klambi sing rupane gadhung utawa ijo. Iku jare ngembari agemane Sang Ratu, satemah sing ngango mangkono bisa kalap, utawa kagulung alun dadi lan tiwase. Isih akeh maneh crita bangsane ngono-ngono iku. Arep nulak panjaluke muride rumangsa ewuh.

“Ya wis ta Bu, wong jalukane bocah-bocah mrana, ya dituruti bae,” panjurunge Pak Heru, kanca guru.

“Karepku rak nyang guwa Kalak utawa guwa Tabuhan.”

“Lha sakwise, bocah-bocah senenge menyang segara ngono. Awake dhewe rak kari tutwuri handayani bae.”

“Ya wis lah, aku manut yen Njenengan wis jumurung.”

Sidane budhal tenan menyang teluk Barehan karo kanca guru loro, nurute panyuwune murid-muride. Tekan babagan, bocah-bocah terus ambyur nuruti karepe dhewe-dhewe. Bocah-bocah lanang padha cucul, terus njegur langgen ana segara. Bocah-bocah wadon padha dolanan ana pinggir, saben ana ombal sing gedhe padha mlayu mundur karo gandhengan tangan lan ora lali swarane pating jlerit. Uga ana sing padha nguyak-uyak pompongan, kewan cilik-cilik sing wujud kaya kepithing, nanging baut mlayu lan banjur ndhelik mlebu lenge ing wedhi.

“Ora munggah menyang Sura Tirta Wiyana, Bu?” pitakone Pak Heru.

“Panjenengan bae yen arep tindak mrana, aku sing nunggoni bocah-bocah,” jawabe Isti karo mapan lungguh ana sawijining prau kang pinuju ora kanggo lan dijejer pirang-pirang ana pinggir. Nyawang polahe murid-muride, lanang wadon katon seneng. Ana sing nglumpukake kulit kuwuk, ana sing milih watu alus-alus, ana sing nggolek watu karang sing wangune kaya kembang, lan liya-liyane.

Nyawang tengahe segara katon biru lerap-lerap. Prau-paru mancing lan prau njaring katon pating krampul, kaya lintang wayah bengi ing langit biru. Pikirane dadi nglangut. Tekane mrene kaya ndhudhah barang sing wis kapendhem lan ora ana gunane. Kedadeyan sing taun kepungkur bali cumithak ing pangangenne. Ing dina-dina libur, dheweke sering latihan renang ana pemandian “Sura Tirta Wiyana”. Yen bar latihan, banjur ngenggar-enggar ing patamanan sinambi nyawang lan nikmati endahing panorama alam lan segara teluk Barehan. Ya ing papan iki dheweke ketemu karo Diyanto sing akhire uga ing panggonan iki kanthi sineksenan ombaking laut, dheweke pepisahan.

Telung taun dheweke ngipuk-ngipuk katresnane. Wektu sing mesthine cukup mateng tumrap mudha-mudhi kanggo njajagi lan saling awesh pangerten. Apa ya amarga sawise Diyanto antuk pangerten, sing njalari dheweke banjur ninggalake Isti. Pangerten kahanane urip lan panguripan antarane dheweke lan Isti. Kamangka sasuwene iki kekarone padha nduweni keyakinan yen ing tembene bisa mbangun urip bebarengan. Diyanto rumangsa minder gegandhengan karo Isti, sawise nyumurpi kahanan panguripane kulawargana Isti. Dheweke ngrumangsane anake wong sekeng, senjata sekolahe bisa tumapak nganti SMA. Pangrasane ati, mesakake Isti yen uripe ing tembe nganti nyangga keprihatinan lan kekurangan.

Saka pemikiran lan tetimbangan mau, dheweke awesh keputusan luwih becik pepisahan, mumpung durung kasep. Nanging tumrape Isti, keputusane Diyanto mau mujudake panyiksan, sawise ngrungokake alesane Diyanto. Amarga Isti dhewe nduweni keyakinan, yen sejatine urip bebrayan iku ora didhasari anane semat lan pangkat, kaya falsapahe wong-wong tuwa saangkatan karo bapak Siti Nurbaya. Pancen bener, dheweke anake wong kecukupan, amarga bapak dadi Kepala sawijining Jawatan ing Kabupaten. Amarga tuntutan jiwane kang kepengin cedhak karo masyarakat, mula dheweke milih nerusake menyang SGA, senjata bapak ora sarujuk. Dheweke kepengin langsung awesh sumbangsih marang bebrayan liwat donyaning pendidikan.

Pikirane Isti wis ora maelu marang polahe murid-muride. Dhadhane krasa seseg. Ya gene murid-muride ajak piknik wae menyang Barehan? Ya gene Pak Heru karo Pak Herman kancane bisa nyetujoni panyuwune bocah-bocah? Pikirane Isti bali marang kedadeyan nalika ana rencana bocah-bocah njaluk piknik. Banjur bali gumawang sapatemon kang pungkasan karo Diyanto, limang taun kapungkur, nalika dheweke nlusuri pesisir teluk Barehan kang endah.

Malem tanggal siji Sura, ing kene ana adicara Grebeg Sura, sing dianakake saben taun. Grebeg Sura iki saka wit tradhisine kadang misaya mina, atur sesaji marang Nyai Rara Kidul, sing wis paring panguripan marang para kadang nelayan, sajrone setaun makarya ora ana sembekala. Nanging suwe-suwe masyarakat uga melu mahargya, sing wekasane dadi adicara sing rame ditekani para pedunung ing Pacitan, tuwa lan enom.

Kajaba sesaji slametan uga tontonan ing teluk Barehan wayangan sewengi nutug, ndhangdhutan lan liya-liyane. Sewengi iku pancen meriah, ana sing niyate mlaku ing teluk Barehan wiwit poncot kulon nganti tekan muarane kali Grindulu.

Isti nggandhuli tangane Diyanto, bebarengan nlusuri wedhi-wedhi putih teluk Barehan. Kesel mlaku-mlaku banjur leren, lungguh ing prau. Akehe geni api unggun kang murub ing wengi iku, kasawang saka kadohan kaya kemamang.

“Isti, ...” rembuge Diyanto meh ora keprungu kalah karo swarane musik apadene jumlegure banyu segara.

“Apa?”

“Sampeyan ngerti panguripane nelayan?”

“Ya gene?”

“Ach...” Diyanto unjal anbean. Banjur nyawang adoh menyang kimplah-kimplahe banyu segara sing cat katon cat ora pating kerlip kena soroting lampu lan urube geni. Banjur sumambunge,” Urip sing mung njagakake gumulunging alun.”

“Maksudmu priye Mas Anto?”

“Apa sampeyan isih kenceng karo keyakinanmu, bab urip lan panguripan kang bakal mboktepusi?”

“Mas Anto sajake isih tidha-tidha ya.”

“Aku mung mesakake Sampeyan.”

“Ane. Pancen ndonya iki kebak kontradiksi. Kaya penyair-penyair sing ngowahi warna langit biru dadi jingga, kayadene pelukis-pelukis sing wis wiwit nggambar garis-garis filsapat.”

“Kabeh wis dakpetung dhik Isti.”

“Banjur?”

“Aku ngerti sucining atimu. Ya marga saka lubering jiwamu aku ora kuwawa kandha. Aku kepeksa ngapusi atiku dhewe. Sejatine ing atiku uga gumulung ombak, pindha gumulunging alun ing tengah segara kae sing ora bakal mandheg ing sadawaning mangsa.”

Lamunane Isti buyar, bareng nyumurupi murid-muride gemrudug marani prau kang lagi bae mentas menyang babagan, sawise digotong wong pirang-

pirang. Dheweke nyawang murid-muride sing wis ngrubung prau mau. Isti menyat saka lungguhe, banjur marani murid-muride, kuwatir yen ngrusuhi wong-wong kang padha mergawe.

Para misaya kang nembe mentas mau, padha bikut anggone ngresiki lan nata alat-alate, ora maelu polahe bocah-bocah sing padha dhesel-dheselan ndeleng isine prau. Kajaba alat-alat, ing njero prau ana sawatara iwak oleh-olehe mancing setengah dina. Isti wis ana tengah-tengahe muride karo ngelikake amrih bocah-bocah ora ngganggu. Isti nyawang awak prau sing lagi ribut. Dumadakan salah sijining awak prau ndengengek lan nyawang arahing bocah-bocah kang padha nonton. Panyawange tempuk karo panyawange Isti, kang ndadekake getering ati kekarone. Sawatara wong loro mung padha pandeng-pandengan, kebak rasa kang angel digambarake.

“Isti!” prasapane karo mudhun saka prau.

“Mas Anto,” Isti ngulungake tangane ajak salaman. Wong loro sesalaman kenceng banget, kekarone kaya emoh nguculake. Murid-muride Isti padha nyawang gurune kang lagi sesalaman karo salah sijine awak prau, sajak gumun.

“Bocah-bocahmu?”

“Heh,” banjur padha meneng. Bocah-bocah njaluk Idin arep menyang taman rekreasi, nduwur plabuhan. Diyanto mapan lungguh ana lambene prau, lan Isti tetep ngadeg ing sandhinge.

“Olehe iwak endi bae, Mas?”

“Sampeyan wis nguningane mesthine, yen nelayan-nelayan tradhisional kalah karo nelayan-nelayan sing alate modern. Apamaneh bareng nelayan manca diidine operasi ing wilayah kita, dheweke malah sering mlebu ing laladane nelayan-nelayan tradhisional, sing sebenere bab mangkene iki dilarang. Ya kanyatan ngene iki sing dhek semana dakkandhakake.”

“Kanyatan? maneh-maneh kanyatan.”

“Bener. Kanyatan urip lan panguripanku, sing adoh lan cengkah karo jangkahmu.:

“Iki dudu kanyatan Mas Anto, nanging panyiksan. Kaya ngendikamu biyen, kanggo mbuktekake yen apa sing panjenengan ugemi pinangka kanyatan, yaiku kanyatan kang ngapusi atimu dhewe lan panyiksan marang atiku.”

“Dadi jumbuhe karo kahanan kang saiki?”

“Driji-driji tangan tengenku isih polos, Mas. Lha Panjenengan?”

“Ombak segara Pacitan isih gumulung ing sadawaning mangsa. Iku urip lan panguripanku lan uga atiku.”

Wong loro sesalaman maneh kenceng, kepara tangan kiwa kekarone nambahi kencenge anggane padha sesalaman. Banjur mripat papat sing mau katon sumunar bening, katon kaca-kaca. Malah saka tlapukane Isti katon mili banyu bening ngliwati pipine kang mangar-mangar.

“Iki mengko diasta kanggo oleh-oleh ndalem ya,” Diyanto ngangkat iwak kelong siji sing gedhene sakempol diulungake Isti.

“Matur nuwun, Mas.”

Wong loro pada jumangkah, ninggalake prau, ninggalake wedhi-wedhi putih ing teluk Barehan. Sikile jumangkah ajeg, karo padha meneng-menengan, ngumbar gagasane dhewe-dhewe, ngetungi jangkahe, ngetungi dina-dina kang bakal tumapak.

Tekan pelataran penjagaan wong loro padha perpisahan. Ombak isih terus jumlegur lan alun isih gumulung.

Mekar Sari, No. 13 Th. Ka XIX

Tanggal 1 September 1975

Terjemahan Cerpen 2 dalam bahasa Indonesia

## **OMBAK MASIH BERGOLAK**

**Oleh: J.F.X. Hoery**

Kalau saja bukan murid-muridnya yang mengajak ke sana, dia tidak akan sudi menginjakkan kaki di tempat itu. Karena berharap liburan triwulan, murid-muridnya meminta pergi berwisata. Kebetulan tempat yang dipilih adalah teluk Barehan. Teluk laut selatan yang berombak besar dan setiap jengkal daerahnya menyimpan cerita-cerita misterius. Konon di sini katanya berdiri keraton Nyi Loro Kidul, ratu para lembut. Ada lagi, katanya kalau bersambang ke pesisir laut selatan, tidak boleh mengenakan pakaian berwarna daun atau warna hijau. Itu katanya dianggap menyaingi pakaian kesukaan Sang Ratu, yang nekat demikian akan tenggelam, atau binasa ditelan ombak. Dan masih banyak lagi cerita-cerita yang serupa itu. Ia tak sampai hati menolak permintaan muridnya.

“Ya sudahlah Bu, orang murid-murid mintanya ke sana, ya dituruti saja,” Ujar Pak Heru, temannya mengajar.

“Pengen saya sih ke Gua Kalak atau ke Gua Tabuhan saja.”

“Lha nyatanya toh anak-anak lebih memilih pergi ke pantai. Kita cukup mengiyakan dan mengawasi dari belakang saja”

“Ya sudahlah, saya pasrah kalau Bapak sudah sepakat.”

Akhirnya diputuskanlah berangkat ke Teluk Barehan bersama dua guru pendamping, memenuhi permintaan murid-murid. Sesampainya tempat yang dituju, anak-anak itu langsung berpencah melampiaskan keinginan mereka masing-masing. Yang laki-laki bersikejar, menceburkan diri ke laut beradu renang. Yang perempuan bermain di tepian, setiap kali ada ombak yang besar, merangsek ke belakang sambil bergandengan tangan dan tidak lupa menyertakan jeritan. Ada juga yang memburu pompongan, hewan kecil yang berwujud serupa kepiting, tapi pandai berlari dan bersembunyi di dalam liang ketika merasa takut.

“Tidak ikut naik ke Sura Tirta Wiyana, Bu?” tanya Pak Heru.

“Silakan kalau Bapak mau ke sana, biar saya yang menunggu anak-anak” jawab Isti sembari menata duduk di salah satu perahu yang sedang tak terpakai dan berderet-deret di tepi pantai. Melihat tingkah-polah murid-muridnya, baik lelaki maupun perempuan terlihat senang. Ada yang sedang mengumpulkan kulit kuwuk, ada yang memilih bebatuan halus, ada yang mencari batu karang yang berbentuk menyerupai kembang, dan lain-lain. Menatap jantung samudra yang

nampak biru berkilat-kilat. Perahu-perahu untuk memancing dan menjaring terlihat bertaburan, seperti bintang di hamparan langit biru malam hari. Pikirannya nglangut. Kunjungannya ke tempat ini, seperti membongkar sesuatu yang telah lama terkubur tak berguna. Peristiwa masa lalu itu kembali bercokol di benaknya. Pada hari-hari libur, dia sering berlatih renang di pemandian “Sura Tirta Wiyana”. Setelah selesai latihan, ia bercengkrama di taman sambil menikmati keindahan panorama alam dan laut Teluk Barehan. Ya, di tempat inilah pertama kali ia bertemu Diyanto yang akhirnya di tempat ini pula, disaksikan gemuruh ombak laut, mereka berpisah.

Tiga tahun sudah ia memupuk rasa cintanya. Waktu yang cukup matang bagi sepasang kekasih untuk saling mengenal dan berbagi kesadaran. Apa iya, karena Diyanto telah mendapat kesadaran, maka dari itu dia pergi meninggalkan Isti. Kesadaran akan hakikat hidup yang sebenarnya antara dia dan Isti. Selama ini keduanya mempunyai keyakinan kalau pada akhirnya bisa hidup bersama-sama. Diyanto merasa minder berpasangan dengan Isti, setelah tahu gaya hidup keluarga Isti. Dia merasa sebagai anak orang yang tak mampu, meskipun bisa bersekolah sampai SMA. Hatinya merasa kasihan kalau nanti hidup Isti akan memikul keprihatinan dan serba berkekurangan.

Karena pemikiran dan pertimbangan tadi, ia memutuskan lebih baik berpisah. Tapi bagi Isti, keputusan Diyanto itu melahirkan derita, setelah mendengar alasan Diyanto. Karena Isti mempunyai keyakinan, membangun mahligai rumah tangga tidaklah didasari gelar dan pangkat, seperti falsafah orang-orang kuno yang seusia dengan bapak Siti Nurbaya. Memang benar, dia anak orang berkecukupan, karena Ayahnya menjadi salah satu kepala staf jawatan di kabupaten. Karena panggilan jiwanya yang ingin dekat dengan masyarakat, maka ia memilih melanjutkan studi di SGA, meskipun bapaknya tidak kaya. Dia ingin langsung memberi sumbangsih kepada sesama melalui dunia pendidikan.

Pikiran Isti sudah tidak lagi berpusat pada apa yang dilakukan murid-muridnya. Dadanya terasa sesak. Kenapa murid-muridnya harus mengajak piknik ke Barehan? Kenapa juga Pak Heru dan Pak Herman harus mengiyakan permintaan anak-anak? Pikiran Isti kembali pada kejadian ketika akan ada rencana anak-anak meminta piknik. Teringat kembali pertemuan terakhir dengan Diyanto, lima tahun lalu, ketika mereka menelusuri pesisir Teluk Barehan yang indah.

Malam tanggal satu sura, di tempat ini ada acara Grebeg Sura, yang rutin dilaksanakan setiap tahun. Grebeg Sura ini adalah tradisi dari para leluhur nelayan, memberi sejaji untuk Nyai Loro Kidul, yang telah memberi mata pencaharian kepada para nelayan, selama setahun tidak ada bencana. Tapi lambat laun masyarakat juga ikut serta, yang pada akhirnya menjadi acara yang ramai dikunjungi para penduduk Pacitan, tua muda.

Selain sejaji selamat juga ada tontonan di Teluk Barehan yaitu pementasan wayang sepanjang malam, musik dangdut dan lain-lain. Malam itu

memang meriah, ada yang berniat menjelajahi Teluk Barehan dari ujung barat sampai muara Sungai Grindulu.

Isti menggamit tangan Diyanto, bersama-sama menelusuri pasir-pasir putih teluk Barehan. Lelah berjalan mereka beristirahat, duduk di perahu. Banyaknya unggun api yang menyala malam itu, nampak dari jauh bagai kemamang.

“Isti, ...” Suara lirih Diyanto nyaris tak terdengar, tertelan suara musik yang bagai gemuruh air di laut.

“Apa?”

“Kamu tahu bagaimana cara nelayan hidup?”

“Ya, kenapa?”

“Ach..” Diyanto menghela nafas. Kemudian menerawang jauh ke arah lipatan-lipatan air laut yang berkerlap-kerlip terpantul sorotan lampu dan nyala api, lalu kemudian berujar, “Hidup yang hanya bergantung pada gemulungnya ombak.”

“Maksudmu apa Mas Anto?”

“Apa kamu masih bersiteguh dengan keyakinanmu, perihal hidup dan jalan hidup yang akan kau lalui?”

“Kelihatannya Mas Anto masih ragu-ragu ya.”

“Aku hanya kasihan sama kamu”

“Aneh. Memang benar dunia ini penuh dengan kontadiksi. Seperti penyair-penyair yang mengubah warna langit biru menjadi jingga, seperti pelukis-pelukis yang sudah mulai menggores garis-garis filsafat.”

“Semua sudah diatur Dik Isti.”

“Lalu?”

“Aku tahu betapa sucinya hatimu. Karena agungnya jiwamu, aku tak kuasa berkata jujur. Aku terpaksa membohongi hatiku sendiri. Sebenarnya di lubuk hatiku juga ada gelombang ombak, sama seperti gulungan ombak di jantung samudra itu, yang takkan pernah berhenti sepanjang masa.”

Lamunan Isti buyar, ketika melihat murid-muridnya beramai-ramai menuju sebuah perahu yang baru saja menepi di daratan, setelah dipikul oleh segerombol orang. Dia melihat murid-muridnya yang sedang mengitari perahu tadi. Isti

beranjak dari duduknya, berjalan menuju murid-muridnya, khawatir kalau mengganggu orang-orang yang sedang bekerja.

Para nelayan yang baru saja beranjak tadi, sedang sibuk membersihkan dan menata alat-alat, sama sekali tidak mengacuhkan tingkah anak-anak yang sedang berdesak-desakan melihat isi perahu. Selain alat-alat, di dalam perahu ada beberapa ekor ikan hasil memancing setengah hari. Isti sudah di tengah-tengah muridnya sembari mengingatkan agar mereka tidak mengganggu. Isti mengitarkan pandangan ke arah awak perahu yang sedang sibuk. Ternyata ada salah seorang awak perahu yang sedang berdiri, mentap ke arah anak-anak yang tengah asyik menonton. Pandangannya bertemu dengan pandangan Isti, dan menjadikan hati keduanya bergetar. Sejenak keduanya hanya mampu bersitatap, sama-sama diliputi perasaan yang sulit digambarkan.

“Isti!” spanya sembari turun dari perahu.

“Mas Anto,” Isti mengulurkan tangannya, mengajak salaman. Dua orang itu pun berjabat tangan, erat sekali, seakan tak hendak dilepas. Murid-murid Isti merasa heran memandangi Ibu gurunya yang bersalaman dengan salah satu awak perahu.

“Anak-anakmu?”

“Heh,” lalu semua terdiam, Anak-anak itu meminta izin untuk pergi ke taman rekreasi. Diyanto duduk di bibir perahu, dan Isti tetap berdiri di sebelahnya.

“Hasil tangkapan ikannya mana aja, Mas?”

“Kamu sudah maklum seharusnya, kalau nelayan tradisional kalah bersaing dengan nelayan-nelayan yang beralatkan modern. Apalagi semenjak nelayan asing diizinkan beroperasi di wilayah kita, mereka lebih sering menerobos wilayah nelayan-nelayan tradisional, yang sebenarnya hal seperti itu dilarang. Ya kenyataan seperti inilah yang dulu saya ujkarkan.”

“Kenyataan? Lagi-lagi kenyataan.”

“Benar. Kenyataan hidup dan jalan hidupku, yang jauh dan bertolak belakang dengan langkahmu.”

“Ini bukan kenyataan Mas Anto, tapi siksaan. Seperti yang Mas ucapkan dulu, sebagai bukti apa yang diyakini sebagai kenyataan, yaitu kenyataan yang membohongi hati sendiri dan siksaan untuk hatiku.”

“Lalu, kaitannya dengan keadaan yang sekarang?”

“Jari-jari tangan kananku masih polos, Mas. Lha sampeyan?”

“Ombak laut Pacitan masih bergulung sepanjang masa. Itulah hidup, jalan hidup dan juga jantungku.”

Dua orang itu kembali berjabat tangan erat, tangan kiri yang turut menempel menambah eratnya jabatan. Lalu dua pasang mata yang sedari tadi nampak bening mulai berkaca-kaca. Bahkan dari pelupuk mata Isti mulai nampak cairan bening yang melewati pipinya yang merona.

“Ini nanti dibawa pulang, buat oleh-oleh” Diyanto mengangkat seekor ikan kelong sebesar kepala tangan lalu menjulurkannya ke Isti.

“Terima kasih, Mas.”

Dua orang itu sama-sama beranjak, meninggalkan perahu, meninggalkan pasir-pasir putih Teluk Bawean. Kedua kaki mereka melangkah pasti, sembari saling menganyam bisu, sibuk dengan pikiran mereka masing-masing, menghitung ketukan langkah, menghitung hari-hari yang akan dipijak.

Sampai di pelataran penjagaan dua orang itu berpisah. Gelombang masih terus meradang dan ombak masih bergolak.

Mekar Sari, No. 13 Th. Ka XIX

Tanggal 1 September 1975

*Lampiran 10*

## Cerpen 3

**DONGENG****Dening: Djajus Pete**

Ing alas ana kethek lanang sing lagi tapa... Ora mangan ora turu nganti awake kuru lan mripate cowong. Weruh mangkono ana Dewa sing welas. Dewane mudhun, nakoni kethek iku. Duwe pepenginan apa kok nglakoni prihatin kaya mengkono?

“Anu Dewa, kula pengin dados tiyang lan mimpin tiyang saknagari,” mangkono semambung ibune Abi ndongengi Abi wayah ngarepake turu.

Karo mbenakake kemule Abi, Ibune mbacutake dongenge yen Dewa bisa minangkani kekarpane kethek kanthi mbalangake barang cumlorot sing adoh parane. Barang cumlorot iku ceblok dadi sendhang ing tengah alas, arane Sendhang Anyar. Banyu sendhang bening kincling lerap-lerap. Kethek dikongkum ing sendhang kono rambah kaping pitu. Adus sepisan, wulune sing dhiwut-dhiwut ilang kaya dicukur resik. Adus maneh, ilang rai ketheke, mali dadi rai wong.

“Buntute, Bu?”

“Buntute suwe-suwe ya ilang bareng adus maneh. Sawise adus kaping pitu kaya welinge Dewa, awak sakojur jibles wong,” wangsulane karo nyawang jam tembok.

Jam sanga persis, wayahe Dunia Dalam Berita ing TV. Nanging TV-ne ora diuripake. Lagi arep disetel mengko sarampunge siaran berita dunia, nonton sinetron.

Bacute dongeng, katrima anggane dadi wong menangan lan bisa ngalahake Ratune negara. Terus dheweke nggenteni dadi Ratu. Dhasar gagah, isih enom, katon ngengkreg mibawani. Kepenaking uripe dadi ratu uga dadi senenge kethek-kethek balane sing ana njero alas. Kajaba kethek-kethek iku diayomi keslametane, saben dina Ratu Anyar iku ngirim pangan sak truk menyang alas. Sing dikongkon ngeterake prajurite sing bisa nyopir. Dikirim sawernane buah-buahan. Sawernane roti lan sega salawuhe, komplit tekan ombene.

“Ngombene banyu sak drum, Bu?”

“Ora, wong Ratu sugih. Ngombene Aqua, Susu Kothak, Teh Botol lan Sprite, kaya sing didol ana warunge Lik In kuwi,” wangsulane Ibune karo nggleges.

Segane dibungkusi, lawuhe warna-werna, endhog, iwak, daging, pindhang. Wong-wong tani seneng marang Ratu Anyar iku merga wis ora ana kethek-kethek sing ngebyong nyolongi tanduran bareng wia dicadhong pangan saben dina.

Tekan kono dongenge Ibune rampung. Sarana dongeng iku Ibune butuh ndhedher semangat ing atine bocah, yen sapa bae bisa klakon panjangkane waton kenceng pangudine. Kewan bae bisa keturutan kekarepane, apamaneh wong, ngono tembunge Ibune.

“Uler kae ya ngono. Nglakoni prihatin kepingin dadi kupu. Suwe-suwe ya keturutan, bisa mabur. Mulane kowe ya kudu sregep sinau lan ndonga supaya keturutan cita-citane. Suk pengin dadi apa yen wis gedhe?”

“Kethek-kethek sing nyolong tanduran ya taktembak, thor... thor... thor... Mati.”

“Ketheke wis ora nyolong tanduran wong wis wareg dicadhong Ratune.”

Nanging Abi terus ngecipris ngandhakake dongenge Bu Guru ing sekolahan ngenani kethek. Gurune nyritakake yen watege kethek iku ala, srei, urikan, seneng ngapusi lan gelem nyolong ora uwis-uwis. Kethek yen weruh apa-apa mesthi diambu dhisik. Yen ambune seger, njajal diincipi. Yen enak terus nggetu dipangan nganti entek. Saka watege sing seneng nganbu-ambu iku njalari kethek akeh nemokake panganan. Apa-apa arep, apa-apa doyan. Kancil sing ora bisa menek uga tau kongkonan kethek supaya menekake gedhang mateng ing uwit. Kancile mung uman kulit sing diuncal-uncalake kethek mengisor.

“Nek aku dadi tentara, Kancil takewangi. Ketheke taktembak, thor, thor, thor...!” semambunge Abi sigrak karo ngacungake tangane kaya nembak-nembak.

Ibune seneng krungu rembuge Abi sing lucu. Nanging Ibune ya anyel yen Abi ora turu-turu. Yen njaluk ditunggoni terus bisa keganggu enggone arep nonton sinetron. Dikeloni, diisik-isik sirah lan gegere, bocahe isih klisikan.

Lagi bisa ditinggal sawise nglepus. Kemule dibrukuti amrih anget awit hawane rada adhem. Ibune nonton TV, Abi nonton impene.

Ngimpi weruh buah-buahan saktruk diundhunake ing pinggir alas. Kethek-kethek gumerah rame pating crenguk lan pating cruwet. Akeh sing ora sabar, pating clingkrik munggah truk lan ana sing kerah rebutan buah sing paling gedhe. Prajurit sing nyopiri truk leren ngisis ing ngisor wit sawise ngudhunake krenjang-krenjang pangan momotane. Apel, jeruk, jambu, manggis, salak,

rambutan, sawo, anggur, gedhang, roti-roti lan sega-sega bungkusane pepak saombene.

Ana wong ngemis lanang wadon kemecer weruh panganan mumbruk. Arep melu njupuk ora wani, wedi yen dikrayah kethek sing pating pringis kaya ora kena disanak. Kepeksa nembung marang prajurit sopir sing jedhal-jedhil rokokane sendhen wit.

“Pak, kula nyuwun sekule niku, Pak. Mang pendhetake kalih bungkus mawon.”

“Piye unimu?! Kowe mrentah aku?! Takbedhil pecah ndasmu!” wangsulane prajurit mendelik mripate.

Sing disengap ngibrit nyingkrih karo nggeret sing wadon saka wedine. Abi nututi lan ngandhani yen ora kabeh entek dipangan kethek. Akeh sisa pangan sing mblader. Ana sing kalong separo lan akeh buah sing lagi cakot sethithik terus dibuwang saka akehe pangan sing cumepak tanpa kangelan. Yen truk lan kethek-kethek iku wis lunga, sisa pangan bisa digreseki kena kanggo tamba luwe yen doyan, ngono tembungé nyandhet wong ngemis diakon sabar sawetara.

Abi ora seneng karo prajurit sing galak iku. Nanging Abi ora ngerti, geneya marang padha wongé muni arep mbedhil. Yen marang kethek tangkepe kok malah apik, semanak. Ana kethek sing nrucah munggah menyang pundhake mung dietogake. Ana kethek sing ngeret-eret topine uga diumbar wae. Malah diajak guyon, topine dienggokake ing sirahe kethek.

Prajurit, sopir, sing isih gojeg karo kethek-kethek dadi gugup lan nata panganggone bareng weruh sedhan ireng gilap kairing truk kebak prajurit. Ratu Anyar mudhun saka sedhan kaya kepengin nyipati senenge kethek-kethek dikirim pangan.

Marang Ratu, Abi madulake tangkepe prajurit sing kasar arep mbedhil wong ngemis. Papane wong ngemis diduduhake, kena ditakoni yen ora percaya. Karepe Abi, supaya prajurit iku diseseni.

“Kowe anake sapa kok kendel omong. Isih bocah kok wis wani nyaruwe wong tuwa? Sapa sing mulang kowe?”

Abi mangkel, enggone wadul ora digape malah dheweke sing diurus tekan wong tuwane. Mula Abi kepengin males kanthi mbukak wewadine Ratu iku. “Kowe ya Ratu sing asale saka kethek tapa, diwangi Dewa.”

Sing kedumuk mbrabak kaget. Lambene kumedhut nandhakake yen nesu banget. Tanpa diprentah, prajurit satruk gage tumandang. Nanging Abi wis njrathal mlayu mblusuk alas ketel, kesusul swara tembakan: thor, thor, thor...!

Swara siyute mimis liwat ndhuwur sirahe. Playune saya dikebat, banjur ndhesel ing grumbul kandel karo ngasokake napase sing krenggosan. Merga ing sandhinge ana swara kethek pating kruwek kaya nuduhake pandhelikane, Abi mlayu maneh luwih adoh tekan pinggir sendhang sing banyune butheg angganda banget.

Apa iki Sendhang Anyar sing dicritakake Ibuku? Ah, mesthine dudu. Jare Ibuku Sendhang Anyar banyune bening kincling. Iki butheg kaya peceren, ngono batine dhewe mbantah karo niling-nilingake swara lan nyawang mubeng. Kuwatir yen ana glibete prajurit nguber dheweke.

Abi gage ngumpet bareng weruh kledhange Ratu marani sendhang dietutake prajurit loro nyangklong bedhil tholang-tholang. Atine saya trataban awit Ratu sing terus cucul penganggo iku ora adoh karo papane ndhelik. Abi saya nyeketet ing njero rerungkutan, nyawang sapari polah Ratu tanpa kedhep liwat sela-sela ning kekayon.

“Biyen aku nate adus ing Sendhang Anyar iki ambal kaping pitu. Suweku adus nganti kaping pitu njalari suwe anggonku dadi Ratu. Aku arep adus maneh kaping pitu,” grenenge dirungu cetha dening Abi.

Ratu ambyur kungkum ing sendhang. Kaya ora nggagas marang butheg bangering banyu. Malah slulup-slulup katon seneng. Prajurit sing nunggu padha njumbul weruh Ratu sesembahane malih kethek tuwa dhiwut-dhiwut. Senajan mangkono isih bisa nggetak prajurite supaya ora ngowoh terus nyawangi dheweke.

“Iki Sendhang Pengalapan. Dhangkane dhemit ngganggu gawe aku, nganti aku disikara kaya ngene,” tembunge golek samudana, golek tiban nyalahake liyan.

Tembung mengkono iku emoh diarani yen alaning rupane saka kecemplung dening kaluputane dhewe. Kedereng saka kepengine dadi Ratu ing salawas-lawase nganthi pandelenge sing wis lamur ora bisa mbedakake bening butheking banyu sing dicemplungi. Wis kebacut dadi lakon, kaya wis ginaris dening kersaning Hyang Manon. Senajan mengkono atine meksa angluh nganti suwe anggone thenger-thenger. Lagi kumecap maneh bareng prajurite ajak omong.

“Lajeng kados pundi kersanipun?”

“Aku arep ngaso ing guwa. Jaganen rapet lawang guwa karo kanca-kancamu, aja nganti ana wong sing nranyak mlebu,” tembunge mutusake ndhelik, emoh yen anggone kewirangan dadi tontonan.

Kaya wedi yen selak kaweruhan wong akeh, gegancangan tilas Ratu mlebu guwa, diiringi prajurit siji. Prajurit sijine terus nggoleki kanca-kancane diajak pacak baris njaga lawange guwa. Marga ana ayahan sing luwih penting kanggo

njaga keslametane tilas Ratu. Abi sing durung kecekel wis ora diburu. Lagi Abi wani metu saka pandhelikane sawise aman. Niyate arep mulih, durung nganti metu saka alas, Abi weruh wong gemrudug pating braok mlebu alas. Padha nesu, mbengok misuh sauni-unine nggoleki tilas Ratune karo nyawati kethek-kethek kang ndhelik ndhepipis ing pucuk-pucuk uwit.

“Goleki ing njero guwa, aku ruh! Ndhelik ing njero guwa, aku ruh!” bengoke Abi ngandhani. Banter anggone mbengok kaya nglindur njalari Ibune sing nonton TV nggugah.

Nanging Abi wis lalu sawutuhe impene. Elinge kari mblenyak-mblenyak, pedhot-pedhot, kaya barang pecah kang wis ambyar angel digathuk-gathukake endi sambungane.

“Ah, apa iya?” Ibune nggleges. “Mangka dongenge Ibu wis rampung ki. Ing dongenge kethek iku isih dadi Ratu kok.”

“Ora, Buk. Tenang, aku ruh.”

Jaya Baya, No. 1

Tanggal 5 September 1999

Terjemahan Cerpen 3 dalam bahasa Indonesia

## DONGENG

Oleh: Djajus Pete

Di hutan ada monyet jantan yang sedang bersemedi. Tidak makan tidak tidur hingga badannya kurus dan matanya cekung. Melihat demikian ada dewa yang kasihan. Dewanya turun, bertanya kepada monyet itu. Punya keinginan apa sehingga bersemedi seperti begitu?

“Anu Dewa, aku ingin menjadi orang terhormat dan menjadi pemimpin negeri,” begitu kelanjutan ibunya Abi mendongengi Abi sebelum tidur.

Sambil membetulkan selimut Abi, ibunya melanjutkan dongeng bahwa Dewa bisa mewujudkan keinginan monyet dengan melemparkan sesuatu yang bercahaya dan jauh. Barang yang bercahaya itu jatuh dan menjadi danau di tengah hutan, namanya Sendhang Anyar. Air danau sangat bening berkilauan. Monyet disuruh berendam di danau itu hingga tujuh kali. Mandi pertama, bulunya berangsur hilang seperti dicukur bersih. Mandi lagi hingga muka monyet berubah menjadi wajah orang.

“Ekornya, Bu?”

“Ekornya lama lama juga hilang sebab mandi. Sesudah mandi sebanyak tujuh kali seperti perintah Dewa, seluruh tubuh monyet berubah menjadi manusia” jawabnya sambil melihat jam dinding.

Tepat jam sembilan, waktunya Dunia Dalam Berita di TV, tetapi TVnya tidak dihidupkan. Akan dinyalakan nanti setelah siaran berita dunia, menonton sinetron.

Lanjutannya dongeng, diterima jadi manusia tanpa tanding dan mengalahkan raja negara. Selanjutnya dia mengganti menjadi raja. Sebab gagah, masih muda, terlihat berwibawa. Enaknya hidup menjadi raja juga menjadi bahagiannya monyet-monyet lain yang ada di dalam hutan. Selain monyet-monyet itu dilindungi keselamatannya, setiap hari raja baru itu mengirimkan makan satu truk ke hutan. Yang disuruh mengantarkan adalah prajuritnya yang bisa menyopir. Dikirim beraneka buah-buahan. Beraneka kue dan nasi serta lauk-pauknya, lengkap sampai minumannya.

“Minumannya air satu drum, Bu?”

“Bukan, lha raja yang kaya. Minumnya Aqua, Susu Kotak, Teh Botol dan Sprite, seperti yang dijual di warung *Lik In* itu,” jawaban Ibunya sambil tersenyum.

Nasinya dibungkus, lauknya macam-macam. Telur, ikan, daging, pindhang. Para petani senang dengan raja baru itu, sebab tidak ada lagi monyet-monyet yang liar mencuri tanaman sebab sudah dijatah makan setiap hari.

Sampai di situ dongengnya selesai. Dengan dongeng itu Ibunya ingin membangkitkan semangat di hati anak, yang siapa saja bisa mencapai cita-citanya asal berjuang dengan keras. Hewan saja bisa terwujud keinginannya, apalagi manusia, begitu ucapan Ibunya.

“Ulat juga seperti itu. Menjalani keprihatinan untuk menjadi kupu-kupu. Lama kelamaan terwujud, bisa terbang. Makanya kamu harus rajin belajar dan berdoa supaya terwujud cita-citamu. Besok kalau besar mau jadi apa?”

“Monyet-monyet yang mencuri tanaman mau aku tembak, thor... thor... thor... Mati.”

“Monyetnya sudah tidak mencuri sebab sudah kenyang dijatah rajanya.”

Tetapi Abi terus bercerita dongengnya Bu Guru di sekolah mengenai monyet. Gurunya menceritakan kalau watak monyet itu buruk, iri, curang, suka menipu dan suka mencuri tak pernah puas. Monyet kalau melihat sesuatu pasti dicium dulu. Kalau baunya segar, mencoba dicicipi. Kalau enak terus dimakan hingga habis. Dari wataknya yang suka mencium bau itu membuat monyet banyak menemukan makanan. Semuanya mau, semuanya doyan. Kancil yang tidak bisa memanjat pernah menyuruh monyet supaya mengambil pisang di pohon. Kancil hanya mendapat kulit yang dilemparkan monyet ke bawah.

“Kalau aku menjadi tentara, kancil aku bantu. Monyetnya aku tembak, thor, thor, thor...!” tambah Abi sambil mengacungkan tangannya seperti menembak.

Ibu senang mendengar ucapan Abi yang lucu, tetapi ibunya gelisah kalau Abi tidak tidur-tidur. Kalau minta dituruti terus bisa terganggu niatnya untuk menonton sinetron. Dipeluk, dielus kepala dan punggungnya, anaknya belum terlelap.

Sudah bisa ditinggal setelah tertidur. Selimut dirapikan agar hangat sebab udaranya sedikit dingin. Ibunya menonton TV, Abi menonton mimpinya.

Bermimpi melihat buah-buahan satu truk diturunkan di tepi hutan. Monyet-monyet sibuk riuh memungut dan riuh bicara. Banyak yang tidak sabar, melompat naik ke atas truk dan ada yang berkelahi berebut buah yang paling besar. Prajurit yang menyopir truk istirahat di bawah pohon setelah menurunkan keranjang-

keranjang makan muatannya. Apel, jeruk, jambu, manggis, salak, rambutan, sawo, anggur, gedhang, roti, dan nasi-nasi bungkus lengkap dengan minumannya.

Ada pengemis lelaki dan perempuan tergiur melihat makanan banyak. Ingin ikut mengambil tidak berani, takut kalau direbut monyet yang bermuka masam seperti tak ramah. Terpaksa ngomong dengan prajurit sopir yang enak-enak merokok bersandar di pohon.

“Pak, saya minta nasinya itu, Pak. Tolong diambihkan dua bungkus saja.”

“Apa katamu?! Kamu menyuruh saya?! Aku tembak pecah kepalamu! jawaban prajurit dengan mata mendelik.

Yang digertak lari terbirit menyingkir sambil menarik yang perempuan sebab ketakutan. Abi mengejar dan memberitahu kalau semua tidak habis dimakan monyet. Banyak sisa makan yang tercecer. Ada yang habis setengah dan banyak buah yang digigit sedikit lalu dibuang sebab banyaknya makanan yang tersedia tanpa kesusahan. Kalau truk dan monyet-monyet itu sudah pergi sisa makanan bisa diambil dan bisa menghilangkan lapar kalau doyan, begitu ucapnya untuk menahan pengemis disuruh sabar sebentar.

Abi tidak senang dengan prajurit yang galak itu, tetapi Abi tidak tahu, kenapa dengan sesama manusia berkata mau menembak. Dengan monyet malah kelihatan baik, ramah. Ada monyet yang kurang ajar naik ke pundaknya hanya didiamkan, ada monyet yang menarik-narik topinya juga dibiarkan saja. Malah diajak bercanda, topinya dipakaikan di kepalanya monyet.

Prajurit, sopir yang masih bercanda dengan monyet-monyet menjadi salah tingkah dan mengatur pakaiannya ketika melihat sedan hitam dikawal truk yang penuh dengan prajurit. Raja yang baru turun dari sedan seperti ingin melihat langsung kebahagiaan monyet-monyet yang dikirim makanan.

Kepada Raja, Abi memberitahu kalau ada prajurit yang kasar mau menembak pengemis. Tempatnya pengemis ditunjukkan, boleh ditanyai kalau tidak percaya. Inginnya Abi supaya prajurit itu dimarahi.

“Kamu anaknya siapa kok berani sekali bicara. Masih anak-anak sudah berani menuduh orang tua? Siapa yang mengajar kamu?”

Abi sebal, protesnya tidak ditanggapi malah dia yang ditanya sampai orang tuanya. Maka Abi ingin membalas dengan membuka rahasia raja itu.” Kamu juga raja yang asalnya dari monyet semedi, dibantu dewa.”

Yang merasa tersinggung kaget. Bibirnya merapat menandakan kalau marah sekali. Tanpa diperintah, prajurit satu truk segera bertindak, tetapi Abi sudah berlari duluan masuk ke dalam hutan yang lebat, disusul suara tembakan: thor,

thor, thor...! Suara melesatnya peluru di atas kepalanya. Larinya dipercepat, lalu masuk di semak lebat dan mengatur nafasnya yang terengah. Sebab di sebelahnya ada suara monyet dengan riuh seperti ingin mengatakan tempat persembunyiannya, Abi berlari lebih jauh sampai pinggir danau yang airnya keruh sekali.

Apa ini Sendhang Anyar yang diceritakan Ibuku? Ah pastinya bukan. Kata ibuku Sendhang Anyar airnya bening berkilauan. Ini keruh seperti selokan, begitu batinnya sendiri membantah dan waspada terhadap suara dan melihat sekelilingnya. Khawatir kalau ada kelebatan prajurit yang mengejanya.

Abi segera sembunyi ketika melihat kelebatan raja mendekati danau, dikawal dua prajurit memanggul senapan yang panjang. Hatinya khawatir sebab raja yang melepas yang dipakai itu tidak jauh dari tempatnya sembunyi. Abi semakin meringkuk di dalam semak, melihat gerak raja tanpa berkedip lewat sela-sela kayu.

“Dulu aku pernah mandi di Sendhang Anyar ini sebanyak tujuh kali. Lamanya aku mandi hingga sebanyak tujuh kali membuatku lama menjadi raja. Aku mau mandi lagi tujuh kali” lirihnya yang terdengar oleh Abi.

Raja mencebur dan berendam di danau. Seperti tidak berpikir dengan kotor dan bersihnya air. Malah menyelam dengan senang. Prajurit yang menunggu kaget melihat raja sesembahannya berubah menjadi monyet yang tua dan keriput. Meskipun begitu masih saja menggertak prajurit supaya tidak takjub melihat dirinya.

“Ini Danau Pangalapan. Asalnya jin yang mengganggu aku, hingga berubah seperti ini,” ucapnya mencari pembelaan, mencari benar dengan menyalahkan yang lain.

Ucapan seperti itu tidak mau disebut kalau buruknya wajah sebab tercebur kesalahannya sendiri. Bernafsu dari keinginannya menjadi raja selamanya hingga matanya yang sudah rabun tidak bisa membedakan jernih air yang diceburi. Sudah terlanjur menjadi lakon, seperti tergaris oleh Allah SWT. Meskipun begitu hatinya terpaksa lama merenungi diri. Berbicara lagi setelah prajuritnya mengajak bicara.

“Jadi bagaimana keinginan selanjutnya?”

“Aku akan istirahat di gua. Jagalah rapat pintu gua bersama teman-temanmu yang lain, jangan sampai ada orang yang berani masuk,” ucapnya memutuskan sembunyi, tidak mau kalau kekurangannya menjadi tontonan.

Seperti takut terlihat orang banyak, segera mantan raja masuk ke dalam gua dikawal seorang prajurit. Prajurit satu lagi terus mencari teman untuk membentuk barisan menjaga pintu gua. Sebab ada tugas yang lebih penting yaitu menjaga

keselamatan mantan raja. Abi yang belum tertangkap tidak dicari. Selanjutnya Abi berani keluar dari tempat persembunyian setelah aman. Niatnya segera pulang, belum sampai keluar dari hutan, Abi melihat rombongan yang sangat banyak berteriak masuk hutan. Semua marah, berteriak dengan kata-kata kasar mencari mantan raja sambil melempari monyet-monyet yang sembunyi dengan takut di atas pohon.

“Cari di dalam gua, aku tahu! Sembunyi di dalam gua, aku tahu!” teriak Abi memberitahu. Suaranya kencang seperti mengigau dan menyebabkan ibunya yang melihat TV bangun.

Tetapi Abi mimpi seutuhnya. Ingatannya tinggal sedikit-sedikit, putus-putus, seperti pecahan yang remuk dan sulit disatukan mana pasangannya.

“Ah, apa iya?” Ibunya tersenyum. “Sebab dongeng Ibu sudah selesai tuh. Di dongeng monyet itu masih menjadi Raja kok.”

“Tidak, Bu. Tenang, aku sudah tahu.”

*Jaya Baya, No. 1*

*Tanggal 5 September 1999*

*Lampiran 11*

## Cerpen 4

**KRETEG****Dening: Herwanto**

Kreteg ing nduwure kali sisih wetan desaku mujudake siji-sijine dalam tumuju pasar Pandanwangi. Digawe mung saka pring patang lonjor. Senajan wujud kaya mangkono nanging kreteg pring iku penting banget kanggone wong-wong ing desaku. Mbakyu bakul yen budhal menyang pasar ora usah kerepotan maneh kaya taun-taun kepungkur, nyabrang kali cincing-cincing jarit utawa roke. Sing gawe bungah, kasunyatanane kreteg iku uga ndadekake perekonomian desaku dadi lancar. Akeh para nom-noman sing nyoba dadi bakul ing pasar Pandanwangi. Senajan ta mung dadi blantik pitik.

Ing wayah ketiga kahanan kreteg iku pancen ora apa-apa. Nanging yen wayah rendheng, nuju banjire teka, mbebayani banget kanggone sing ngliwati.

Ngelingi kahanan kreteg iku aku banjur rerasan karo Lurah Darso. Wose setengah usul yen dianggep prayoga, kepriye carane supaya kreteg iku dibangun kanthi permanen.

Lurah Darso wangsulan yen dheweke arep ngrungok-ngrungokake panemune warga ndhisik. Awit dhuwit sing arep dienggo mbangun ora mung ewon rupiah, nanging yutan. Uga perlu rapat khusus kanggo ngrembug bab iku.

Saka senengku duwe gagasan sing digatekake dening wong nomer siji ing desaku, aku banjur budhal menyang omahe Lik Sukran. Sajrone aku kojah bab ide gawe kreteg permanen, Lik Sukran mung nyawang anggonku ngethuprus. Ora manthuk ora gedheg. Nanging aku kandha yen ambruke kreteg pratandha ambruk uga perekonomian wong sak desa, Lik Sukran lagi kumecap.

“Gagasanmu iku ora bakal disetujoni dening wong-wong,” kandhane adhem.

“Tiyang-tiyang sinten? Pak Lurah piyambak sampun sarujuk, Lik.”

“Iku mung kanggo ngormati gagasanmu thok. Malah ora bakal digawa menyang rapat mengko.”

Wah, saumpama ora sungkan, Lik Sukran dhewe bakal takkojahi sing amba dawa apa gunane kreteg iku. Apamaneh nalika Lik Sukran nuduh aku iki kalebu

wong modern sing sok-sok kelangan kiblat. Getihku rasane umub tekan mbunmbunan. Pandakwa sing paling ora taksenangi saiki metu saka Palikku dhewe.

“Wong-wong wis padha sarujuk yen arep mbangun masjid, ora susah diowahi, Le. Lha banjur masjid dhewe iku gunane kanggo mbenerake kiblate nom-noman sing wis ilang.”

Mangel aku terus-terusan diarani nom-noman sing klebu ilang kiblate. Ning merga dheweke iku paklikku, lan pangurmatanku marang wong tuwa isih takjung, mula aku mangsuli sareh wae.

“Sing gadhah ide kados niku sanes kula dhewe, Lik. Tiyang kathah wanten desa niki.”

“Tiyang kathah iku mesti sing pisanan didandani nggango masjid.”

Aku durung mangsuli maneh, Lik Sukran terus nglungani, ninggal aku ijen lungguh ing ambene. Dheweke banjur nyandhak timba lan ngisi genthong wudlu ing sisih kiwane langgar tuwa iku. Ing papan iku bakal dibangun masjid, kaya kandhane Lik Sukran mau. Yen nyawang kahanane langgar iku pancen wis kudune didandhani. Nanging miturut panemuku ana sing luwih wigati kang kudune dicandhak dhisik, yaiku kreteg ing sisih wetan desa.

Urun rembug neng nggone Paklikku takkira yawis pas merga suwarane ing rapat luwih manteb tinimbang suaraku. Nanging aku ora ngira babar pisan yen gagasan sing apik kanggoku mau diumadakan diveto lan ora bakal disetujoni ing pirembukan. Aku ora kumawani duwe pangira-ira yen rapat bakal setuju karo gagasanku, gagasane wong enom sing kadakwa ilang kiblate. Mula ing pirembukan iku aku milik panggonan ing pojok. Paklik Sukran persis ing ngarepe Lurah Darso.

Nyatane perkara kreteg babar pisan ora dadi agenda sing mlebu ing rapat. Wiwitan rapat nganti pungkasan sing dirembug ora ana liya kejaba masjid. Rumangsa yen gagasanku ora payu, aku ya mesthi bae ora duwe usul ngenani masjid. Lha wong saka ngomah dhek mau pikiranku wis kebak karo gagasan kreteg. Ngenani konstruksi, bahan-bahan sing dibutuhake nganti tekan ragad wis takpikir kanthi tliti.

Saupama Lurah Darso menahi wektu kanggoku supaya njlentrehake ide kteregku, wis takjamin ora bakal ana siji bae sing salah. Nanging ya iku mau, gagasanku ora payu, wis diveto sadurunge rapat. Sing luwih cilaka maneh, amarga aku ora duwe usul babar pisan ing rapat, aku kadakwa maneh minangka nom-noman pupuk bawang. Aku diarani ora kreatif kanggo mbangun desa, bisaku mung anut grubyug ngalor ngidul.

Saka gelakku, saben ngrembug anane masjid aku ora melu caturan. Kahanan sing takalami iki tansaya ngububi pandangane wong-wong ing desaku yen satemene aku wong abangan.

Sidane ragad kanggo masjid pancen saka swadaya murni masyarakat. Saben panen wong-wong ing desaku padha nyumbang gabah garing. Ing wektu sing wis ditemtokake ana petugas saka panitia pembangunan masjid nglumpukake gabah iku, banjur gunggungne dilaporake marang Pak Lurah Darso.

Sedhela maneh masjid iku bakal ngadeg. Nanging bebarengan iku atiku tansaya miris. Amarga sajrone usaha nglumpukake gabah saka masyarakat, wong-wong ing desaku anggone budhal menyang pasar ngliwati kreteg iku tansaya akeh. Saliyane akeh bakul sing padha mrajak ing desaku, uga akeh nom-noman kang duwe kekarapan pengin nyumbang luwih akeh kanggo masjide, mula dheweke sregep mergawe golek asil saka pasar. Ing wektu iku kaya-kaya mung aku dhewe sing ora melu sliweran ing kreteg. Uga nalika para nom-noman padha nglumpukake gabah ya aku dhewe sing tansah sangga uwang. Para anggota jamaah tahlil padha ibut padha ngojahi marang tangga-tanggaku sing durung melu lan pungkasane dijak nyumbang luwih gedhe maneh. Kotbahe Lik Sukran marang aku, minangka sangune mati, amal kebijakane saka nyumbang iku bakale mili kaya kali. Ora bakal asat utawa garing.

“Kula mboten saged nyumbang Lik. Kula tedha mawon mboten wonten,” kandhaku.

“Yen nuruti weteng pancen ora ana watese, Le. Kowe kuwi pancen beda adoh karo nom-noman liyane. Esuk budhal menyang pasar golek asil kanggo masjid. Lha kowe malah sangga uwang thok.”

“Kula ajrih, Lik.”

“Wedi. Wedi karo apa?”

“Kreteg ingkang diliwati tiyang-tiyang niku badhe ambruk.”

Pungkasane Paklikku ora kasil ngajak aku. Atine sajak geram getem-getem amarga saka pamikiranaku. Tansaya gedhe pandangane yen aku iki pancen wong abangan. Nanging patrape wong tuwa dheweke mung mesem banjur nglungani.

Wis pirang-pirang ton gabah sing kasil diklumpukake, lan dhuwite uga akeh. Nanging masjid iku ngadeg sajake kaya kurang dana wae. Ing kana kene tansah ana sing bolong temboke. Gentheng sing dipilih katon yen dudu sing apik, mula gampang bocor. Nyawang kahanan masjid iku, saben malem Jumat ing tahlilan disuwarakake supaya nyumbang luwih akeh maneh. Amarga bolonge temboke iku kudu enggal ditambah lan bocore gentheng kudu cepet diganti.

Pembangunan masjid kudu dicepetake, kandhane Lurah Darso marang wong-wong ing saben patemon. Amarga ora suwe maneh bakale ana tamu saka Kecamatan arep Jumatan ing masjid anyar. Minangka simbul pakurmatan, Lurah Darso kojah maneh, masjid iku minangka pratandha yen masyarakat kene duwe uneg-uneg kreatif mbangun kanthi swadaya murni.

Senajan wis diseput mbangune nanging tetep wae masjid iku durung bisa kaya sing dikarepake. Mula kanggo golek ragad sing gedhe, Lurah Darso ngusulake supaya dianakake pengajian. Saben pengunjung dijuluk eklase dhuwit kanggo mbeciki masjid. Usule ora ngalami kangelan, ditampa masyarakat lan pengajian iku bakale ditekani kyai sing kondhang.

Keprungu rencana gedhe iku aku mung dheleg-dheleg. Ora ana sing takpikirake kajaba anane kreteg. Yen mengko pengunjunge akeh lan ngliwati kreteg tuwa, banjur kepriye kedadeyane. Apamaneh pring sing digawe kreteg iku sajake wis gapuk.

Ing acara pengajian iku aku ora didhapuk dadi pengurus senajan mung dadi tukang usung-usung kursi. Panitia sajake wis milih marang nom-noman sing bener-bener kepengin dadi sukarelawan. Ora klebu aku. Atiku lara banget, pandakwa yen wong abangan wis mancep ing saben-saben mripat sing nyawang aku.

Pengajian sida dianakake. Senajan udan riwis-riwis kanyatane pengunjunge tetep akeh. Malah luwih akeh tinimbang ing desa-desa liyane. Saliyane kyai sing ceramah wis kondhang, uga sajake katon yen wong-wong sing kepengin nyumbang masjid uga akeh. Aku ora melu kumpulan iku. Paklikku tansaya mangkel atine.

Tansaya wengi wong-wong manca desa sing nekani pengajian tansaya akeh. Amarga desaku diubengi dening kali mula siji-sijine yaiku kreteg tuwa sing sisih wetan. Saben wong ngliwati kreteg iku keprungu suwara theg..., theg...! Pratandha yen pringe wis gapuk lan ora kuwat nyangga wong-wong sing liwat. Saben ana wong wis ngliwati kreteg iku atiku lega. Nanging yen durung atiku was sumelang terus. Mapan ing ngisore wit johar aku bisa ngawasi saben sing liwat. Ing papan iku uga suwarane kyai menahi ceramah gamblang mlebu kupingku. Nanging mripatku tetep bae tumuju kreteg tuwa.

Dumadakan ora taknyana babar pisan, kreteg ngetokake suwara gumerot banter banget. Banjur disusul suwara pating jlerit. Saka ngisor wit johar aku bisa nyawang kanthi gamblang yen akeh wong padha jumpalitan kecemplung kali amarga kretege ambruk. Aku ndomblong nyawang, ora bisa tumindak apa-apa. Kira-kira ana sepuluh wong ambyur lan kahanane ora bisa takweruhi. Aku ora kuwat nyawang maneh. Mripatku taktutupi.

Ing wektu iku aku ora bisa tumindak apa-apa. Lan ora ana gagasan kanggo nylametake wong-wong sing kentir ing kali amarga aku dhewe ora bisa nglangi. Lapur Lurah Darso yen ana kacilakan ing kreteg. Iki musibah desa sing gedhe. Suwarane kyai ndudut supaya aku enggal nyedhak. Ora sabar kelingan korban kreteg ambruk, aku mlayu nekani pengajian karo kemulan sarung amarga udan isih riwis-riwis. Sandhal jepit takbuwang ing ngisore wit gedhang, nrabas dalam jemek lan peteng. Lambeku cethatuken.

Tekan papan pengajian sikilku gemeter, mripatku kekembeng. Atiku nangis, nangisi awakku sing ora bisa tumindak apa-apa. Ironing 38 taun mung unclau-clu, ora bisa nemtotake pilihan sing apik. Aku rumangsa dadi manungsa sing muspra ora guna babar pisan tumrape masyarakat. Ora bisa nylametake wong sepuluh sing kenthir ing kali. Aku nggoleki Lurah Darso arep menehi pelapuran, nanging sing ana Lik Sukran.

“Mlebu ing papan iki, Nak. Paklik melu bungah yen kuping lan atimu wis bisa ngrungokna pengajian. Ayo ndang lungguh. Gusti bakal paring pangapura marang sakabehe mahluke sing njaluk pangapura,” tembunge Lik Sukran gawe atiku ngondhok-ondhok.

“Ya Allah, Illahi Robbi,”

Luhku tansaya dleweran. Swarane kyai sing ceramah ndhlesep ing ati, njalari aku ora wani ndhangak. Aku ndheprok ora obah. Ing wektu iku uga wewayangane wong sepuluh kentir ing kali tansaya gamblang. Lurah Darso sing paling bertanggung jawab karo prastawa iki malah ora ana ing pengajian.

“Gusti Allah bakal menehi pangapura, Nak. Ora usah kuwatir. Gusti iku maha pengasih lan penyayang.” Lik Sukran nyopot kopyahe dhewe lan dienggokne ing sirahku. Luh mripatku tumetes ing pipi.

Panjebar Semangat, No. 8

Tanggal 21 Februari 1998

Terjemahan Cerpen 4 dalam bahasa Indonesia

## JEMBATAN

Oleh: Herwanto

Jembatan di atas sungai sebelah timur desaku merupakan satu-satunya jalan menuju pasar Pandanwangi. Dibuat hanya dari empat batang bambu. Meskipun hanya berwujud seperti begitu tapi jembatan bambu itu sangat penting bagi orang-orang di desaku. Mbakyu pedagang kalau berangkat ke pasar tak perlu lagi kerepotan seperti tahun-tahun lalu, menyeberangi sungai dengan mencincing jarit atau roknya. Yang membuat bahagia, nyatanya jembatan itu juga menjadikan perekonomian desaku lancar. Banyak pemuda yang mencoba berdagang di pasar Pandanwangi. Meskipun hanya menjual ayam.

Pada musim kemarau kondisi jembatan itu memang baik-baik saja. Akan tetapi pada musim hujan, ketika banjir datang, sangat membahayakan bagi yang menyeberangi.

Mengingat kondisi jembatan itu lalu aku berbincang dengan Lurah Darso. Bisa setengah usul kalau dianggap pantas, bagaimana caranya supaya jembatan itu diibangun secara permanen.

Lurah Darso menanggapi kalau dia akan mendengar pendapat warga terlebih dahulu. Mengingat biaya yang akan digunakan membangun tidak cuma ribuan rupiah, tapi jutaan. Juga perlu rapat khusus untuk membahas masalah itu.

Karena aku senang usulanku dipertimbangkan oleh orang nomor satu di desaku, aku lalu berangkat ke rumah Lik Sukran. Selama aku menjelaskan masalah pembuatan jembatan permanen, Lik Sukran hanya melihat aku berbicara. Tak mengangguk atau pun menggeleng. Akan tetapi setelah aku bilang kalau ambruknya jembatan adalah isyarat runtuh juga perekonomian seluruh warga desa, Lik Sukran baru buka mulut.

“Gagasanmu itu tidak akan disetujui oleh orang-orang,” ujarnya dingin.

“Orang-orang siapa? Pak Lurah sendiri sudah setuju, Lik.”

“Itu hanya sekadar untuk menghormati gagasanmu saja. Kemungkinan malah tidak akan dibawa ke rapat nanti.”

Wah, seandainya tidak sungkan, Lik Sukran sendiri akan kukhotbahi panjang lebar kegunaan jembatan itu. Apalagi ketika Lik Sukran menuduh aku ini termasuk orang yang sok kehilangan kiblat. Darahku terasa mendidih sampai

ubun-ubun. Tuduhan yang paling tidak kusuka kini malah keluar dari Paklikku sendiri.

“Orang-orang sudah sepakat untuk membangun masjid, tidak usah diubah-ubah, Le. Lha terus masjid itu sendiri fungsinya untuk mengembalikan lagi kiblat muda-mudi yang telah hilang.”

Aku benci terus-turunan dibilang termasuk pemuda yang lupa kiblat. Akan tetapi karena dia itu paklikku, dan penghormatanku kepada orang yang lebih tua masih kujunjung tinggi, maka aku cukup bersabar saja.

“Yang punya ide seperti itu bukan saya saja, Lik. Tapi juga banyak orang di desa ini.”

“Orang banyak itulah yang harus lebih dulu diperbaiki dengan masjid.”

Aku belum menimpali lagi, Lik Sukran kemudian pergi, meninggalkanku sendiri duduk di berandanya. Dia lalu mengambil timba dan mengisi gentong wudlu di sebelah kiri musala tua itu. Di tempat itu akan didirikan masjid, seperti yang diucapkan Lik Sukran tadi. Kalau melihat kondisi musala itu memang sudah seharusnya direnovasi. Tapi menurut pendapatku ada yang harus diperbaiki terlebih dulu, yaitu jembatan di sebelah timur desa.

Memberi usul pada Paklikku kukira sudah yang paling tepat karena suaranya di saat rapat lebih meyakinkan dibandingkan denganku. Tapi sama sekali aku tak mengira kalau gagasan yang bagus menurutku tadi ternyata ditolak dan tidak akan disetujui di acara musyawarah. Aku tidak berani mengira-ngira kalau rapat akan setuju dengan gagasanku, gagasan pemuda yang didakwa lupa kiblat. Makanya saat musyawarah itu aku memilih tempat di pojok. Paklik Sukran persis di depan Lurah Darso.

Ternyata masalah jembatan sama sekali tidak termasuk agenda rapat. Dari awal sampai selesai yang dibahas tak lain hanya soal masjid. Merasa gagasanku tak laku, tentu aku sama sekali tak punya usul mengenai pembangunan masjid. Orang sedari rumah tadi pikiranku sudah penuh dengan gagasan tentang jembatan. Mengenai kontruksi, bahan-bahan yang dibutuhkan bahkan sampai biaya sudah kupikirkan dengan teliti.

Seumpama Lurah Darso memberiku waktu untuk menerangkan ide jembatan, sudah kujamin tak akan ada satu pun yang akan salah. Tapi ya itu tadi, gagasanku sudah tak laku, sudah ditolak sebelum rapat. Yang lebih celaka lagi, karena aku tak punya usul saat rapat, aku tertuduh lagi sebagai pemuda *pupuk bawang* (ikut-ikutan saja). Aku dianggap tidak kreatif untuk membangun desa, bisaku cuma ikut-ikutan saja, ke utara-selatan.

Karena aku kecewa, setiap musyawarah masjid aku tidak ikut. Kondisi yang kualami ini semakin membuktikan kebenaran anggapan orang-orang di desaku kalau aku orang abangan.

Akhirnya memang biaya pembangunan masjid murni dari swadaya masyarakat. Setiap musim panen orang-orang di desaku sama menyumbang gabah kering. Pada waktu yang telah ditentukan petugas panitia pembangunan masjid untuk mengumpulkan gabah itu, kemudian jumlahnya dilaporkan kepada Pak Lurah Darso.

Sebentar lagi masjid itu akan segera berdiri. Akan tetapi bersamaan itu hatiku semakin miris. Karena selama usaha mengumpulkan gabah dari masyarakat, orang-orang di desaku yang berangkat ke pasar melewati jembatan itu semakin banyak. Selain banyak pedagang yang berniaga di desaku, juga banyak pemuda yang ingin menyumbang lebih banyak untuk masjidnya, maka mereka semakin giat mencari uang di pasar. Di saat itu seperti hanya aku sendiri yang tak ikut lalu-lalang di jembatan. Juga ketika para pemuda sedang mengumpulkan gabah, ya cuma aku saja yang hanya bertopang dagu. Para anggota jamaah tahlil sama sibuk menceramahi tetangga-tetanggaku yang belum ikut dan pada akhirnya diajak untuk menyumbang lebih besar lagi. Khotbah Lik Sukran kepadaku, sebagai bekal mati, amal kebajikan dari menyumbang itu akan terus mengalir seperti sungai. Tidak akan terkuras atau kering.

“Saya tidak bisa menyumbang Lik. Buat makan saja saya tidak ada,” ujarku.

“Kalau menurutmu perut memang tak ada batasnya, Le. Kamu itu memang berbeda jauh dengan pemuda-pemuda lainnya. Pagi berangkat ke pasar mencari uang untuk masjid. Lha kamu malah cuma bertopang dagu saja.”

“Saya takut, Lik.”

“Takut. Takut apa?”

“Jembatan yang dilewati orang-orang itu nyaris ambruk.”

Akhirnya Paklikku tidak berhasil mengajakku. Hatinya seperti murka sebab pemikiranku. Semakin besar prasangkanya kalau aku ini memang orang abangan. Tetapi sebagai orang tua dia hanya tersenyum lalu pergi.

Sudah berton-ton gabah yang berhasil dikumpulkan, dan uangnya juga sudah banyak. Tetapi masjid itu dibangun seperti kekurangan dana saja. Di sana-sini masih saja ada tembok yang berlubang. Genteng yang dipilih terlihat kalau bukan yang bagus, makanya mudah bocor. Melihat kondisi masjid tersebut, setiap malam jumat sewaktu membaca tahlil diserukan untuk menyumbang lebih banyak lagi. Karena tembok yang berlubang itu harus segera ditambal dan genteng yang bocor harus cepat diganti.

Pembangunan masjid harus dipercepat, kata Lurah Darso kepada orang-orang di setiap kali ada pertemuan. Karena tak lama lagi akan ada tamu dari kecamatan yang akan jumat di masjid yang baru. Sebagai simbol penghormatan, Lurah Darso berpidato lagi, masjid itu sebagai pertanda bahwa masyarakat sini punya keinginan kreatif untuk membangun dengan cara swadaya murni.

Meskipun pembangunan sudah dilakukan dengan maksimal tapi tetap saja masjid itu belum bisa seperti yang diharapkan. Oleh karena itu, untuk dapat biaya yang lebih besar, Lurah Darso mengusulkan agar diadakan pengajian. Setiap yang datang akan diminta menyumbang seikhlasnya untuk memperbaiki masjid. Usulannya tidak mengalami kesulitan, diterima masyarakat dan pengajian itu bakal dihadiri kyai hebat.

Mendengar rencana besar itu aku cuma diam. Tak ada yang kupikirkan kecuali jembatan. Kalau nanti pengunjungnya membludak dan melewati jembatan tua, akan bagaimana kejadiannya. Apalagi bambu jembatan itu seperti sudah lapuk.

Dalam acara pengajian itu aku sama sekali tidak diikutkan sebagai panitia meskipun cuma jadi tukang angkat kursi. Sepertinya panitia telah memilih pemuda-pemuda yang benar-benar siap menjadi sukarelawan. Tidak termasuk aku. Hatiku sangat sakit, dakwaan kalau aku orang abangan sudah menancap pada setiap mata yang memandanku.

Pengajian jadi dilaksanakan. Meskipun hujan rintik-rintik ternyata pengunjungnya tetap banyak. Malah lebih banyak dibandingkan desa-desa yang lain. Selain karena kyai yang akan ceramah terkenal hebat, juga sepertinya terlihat banyak orang yang berkeinginan menyumbang masjid lebih banyak. Aku tidak ikut kumpulan itu. Paklikku semakin dongkol hatinya.

Semakin malam orang-orang dari luar desa yang datang semakin banyak. Karena desaku dikelilingi sungai maka satu-satunya jalan adalah jembatan tua di sebelah timur desa. Setiap ada orang yang melewati jembatan itu terdengar suara theg..., theg...!

Pertanda bahwa bambunya telah rapuh dan tak kuat lagi menopang orang-orang yang menyeberang. Setiap ada orang yang sudah menyeberang jembatan itu hatiku lega. Akan tetapi dalam hatiku selalu was-was. Dari bawah pohon johar aku bisa melihat siapa saja yang lewat. Dari tempat itu juga suara kyai yang memberi ceramah terdengar jelas di telingaku. Akan tetapi mataku tetap mengarah ke jembatan tua.

Ternyata sama sekali tak kusangka, jembatan itu mengeluarkan suara gesekan keras sekali. Kemudian disusul suara jeritan sahut-menyahut. Dari bawah pohon johar aku bisa melihat dengan gambling kalau banyak orang yang jungkir

balik tercebur sungai karena jembatannya ambruk. Aku hanya terpaksa, tak bisa bertindak apa-apa. Kira-kira ada sepuluh orang yang terjatuh dan kondisinya tak bisa kulihat. Aku tidak kuat melihat lagi. Mataku kupejamkan.

Di waktu itu aku tak bisa bertindak apa-apa. Dan tidak punya gagasan untuk menyelamatkan orang-orang yang hanyut di sungai karena aku sendiri tak bisa berenang. Melapor Lurah Darso kalau ada kecelakaan di jembatan. Ini musibah desa yang besar. Suara kyai menyeru agar aku segera mendekat. Tak sabar teringat korban jembatan ambruk, aku berlari menuju pengajian dengan berselimut sarung karena hujan masih rintik-rintik. Sandal jepit yang kupakai kubuang di bawah pohon pisang, menerobos jalan yang becek dan gelap. Bibirku bergetar.

Sampai di tempat pengajian kakiku gemetar, mataku sayu. Hatiku menangis, menangisi diriku yang tak mampu bertindak apa-apa. Selama 38 tahun hanya ikut-ikutan, tidak bisa menentukan pilihan yang baik. Aku merasa menjadi manusia yang sia-sia, tak berguna sama sekali bagi masyarakat. Tidak bisa menyelamatkan sepuluh orang yang hanyut di sungai. Aku mencari Lurah Darso untuk lapor, tapi yang kutemui malah Lik Sukran.

“Masuk sini, Nak. Paklik bahagia kalau telinga dan hatimu sudah bisa mendengarkan pengajian. Ayo, duduklah. Tuhan akan memberi pengampunan bagi sesiapa makhluk-Nya yang meminta pengampunan,” ucap Lik Sukran yang membuat hatiku semakin gondok.

“Ya Allah, Illahi Robbi,”

Air mataku semakin bercucuran. Suara kyai yang memberi ceramah menusuk-nusuk hati, membuatku tak kuasa mengangkat muka. Aku terdiam tak bergerak. Saat itu juga bayang-bayang sepuluh mayat orang yang hanyut di sungai semakin jelas. Lurah Darso yang paling bertanggung jawab atas peristiwa ini malah tidak ada di pengajian.

“Gusti Allah akan memberi pengampunan, Nak. Tidak usah khawatir. Dia itu maha pengasih dan penyayang.” Lik Sukran menanggalkan songkoknya dan memakaikannya di kepalaku. Air mataku menetes di pipi.

Panjebar Semangat, No. 8

Tanggal 21 Februari 1998

*Lampiran 12*

## Cerpen 5

**BLANGKON****Dening: Yusuf Susilo Hartono**

Gimun nglamun ing ngarep lawang. Tangane isih durung resik saka cet. Saklebatan rumangsane pulisi lalu lintas liwat. Jebul mung srengenge sore ing cepitan pring kulon ngomah arep tilik wengi. Rumangsane Gimun pak pulisi kumlebat maneh. Tibake mung cuwilan impen mau bengi. Ririn pacare sing dua IPA ngajak lumban pumpung banjir.

Gimun nyoba ngeremake mripate rada suwe. Karepe kepingin mbaleni impen dhek bengi. Panganggepe kaya film nganggo show kedua, pinangka candhake. Gimun njenggirat. Sebab sing teka dudu Ririn. Nanging bali kaya pulisi lalu lintas maneh.

“Edan tenan!”, grengenge karo ngucek-ngucek mripat. Sebabe sepele. Helem!

Sekolahane Gimun mapan ing dalan protokol. Kabeh dalan protokol saben esuk dijaga polisi lalu lintas. Pepak karo pit montor Chip’s. Gunane kanggo nguber menawa ana sing nglanggar terus mlayu.

Gimun kentekan akal. Helem mung siji, disilihake pacare. Arep njaluk sungkan. Saiki dheweke dadi cotho. Pirang-piran ndina iki, sadurunge setengah enem Gimun wis tekan sekolahan. Jalaran jam semono mau dalan protokol sing diliwati durung dijaga pulisi. Ora nganggo helem, aman!

Kanca-kanca Gimun sing duwe pit montor padha puyeng banget. Mangkat sekolah direwangi metu dalan nggupit-nggupit. Cekake dalan protokol malih dadi lurung sepi. Kosokbaline dalan cilik ing tengah kampung dadi umpel-umpelan, kebak pengendhara pit montor tanpa helem.

“Hemm..., lucu banget! Aku dadi bingung niteni siji-sijine kancaku. Lha kepriye, sirahe buntelan kabeh. Saka kadohan babar pisan ora bisa dititeni, endi si A, si B, lan seteruse. Ora bisa dibedakake, kabeh padha.”

Gimun nggremeng dhewekan. Bihh...! Ngelune ora jamak. Apa ora dadi gliyengan saben ndina. Nanging mangkono mau ora kena kanggo alesan ing ngarepe pulisi. Pokoke, pulisi mung pengin ngerti, sapa bae sing liwat dalan protokol kudu nganggo helem! Ora ngerti saka ngendi olehe entuk. Bah helem

kredhitan, utangan, silihan, nyolong, hadiah saka boss, ora urus! Gimun anggone nggagas ora nate rampung.

“Gombal!” Grenenge Gimun misuh,” mbangun sekolahane bae kok cedhak protokol. Ngertiya yen bakal ana peraturan helemisasi ngono rak apik didegake ana tengah sawah, aman. Udharane resik, ora polusi. Swasanane tenang, ora bisung. Pemandhangane bebas, ora sumpeg. Getun aku!”

SMA Negeri sekolahane Gimun pancen dibangun ing dalan protokol, cedhak greja. Uga ora adoh saka mesjid, pemerintah dhaerah lan kantor bank. Sadurunge kantor pulisi pindhah, persis ing ngarepe, keletan dalan protokol. Kabare, SMA-ne Gimun kuwi wis nyithak pemimpin-pemimpin akeh ing pusat kana. Mula ora nggumunake yen SMA Negeri mau dadi incerane saben murid kang lulus saka SLTP lan kepengin nerusake. Malah ana saperangan masyarakat sing rumangsa ora sreg yen anake ora tamatan saka kono, senajan padha-padha SMA Negeri.

Sekolahan mau platarane jembar, eyub lan asri jalaran kiyoman wit-wit plamboyan lan tanduran hias. Bangunane wangun tulisan O segi empat. Ing sisih lor ana panggung bujukan, kanggo pagelaran kesenian. Luwih kondhang maneh bareng salah sijine muride dadi juwara matematika tingkat nasional. Jan, tambah huebaattt!!!

“Mun!” Swarane bapake kaya bledheg wayah ketiga gawe kagete Gimun. Durung nganti semaur wis kesambung swarane bapake, sing sajak duka yayahsinipi.

“Kowe ki edan tenan pa! Ngapa blangkon warisan tinggalane mbah kakungmu kok cet putih? Kowe rak wis nate tak wanti-wanti prakara blangkon kuwi! Kupingmu geblek pa krupuk. Iku mono warisan kabudayan kita. Kabudayane bangsa. Tumindakmu mangkono iku ateges kowe wis nyepelekake, wis ngenyek sing tanpa ukuran gedhene.”

Batine Gimun ngguyu kemekelan. Kanthi ngrekasa ngempet guyune ora ambrol. Yen klakon, sida blai tenan. Ing raine Gimun banjur pasang topeng kasedhihan.

“Ora, Mun! Pirang-pirang ndina iki aku ora nate weruh kowe nganggo helem. Kuwi menyang ngendi, he? Sangu sekolah wis cukup. Apa mbok loakake, nggo royal karo kanca-kancamu? Jawab!”

Tujune durung nganti kebacut, wis katekan tumurune bethari welas asih. Ibune Gimun mudhun saka becak. Biyasa, bali saka arisan! Ngerti Gimun disrengeni, serik atine. Serik amarga Gimun mono siji-sijine anake sing isih urip. Sejatine, sedulure ana telu, nanging kabeh wis ndhisiki mati. katerak pageblug demam berdarah setaun kepungkur.

“Njenengan ki yen ra duka, sedina bae, blangkemen pa Pak. Gimun mono rak wis gerang kamplong, mbok yen salah dituturi bae sing alus.

“Mamah ki mesthi mbela. Tanpa gelem ndeleng bener lan lupute anak. Apa olehku tumindak mangkono iki mung dak pikir nganggo dhengkul. Lan yen dak terusake omong, mengko mesthi mamah salin babah. Yen wis ngono, mamah terus ngungkrah-ungkrah barang sing wis kapendhem.”

“Wis, wis, wis...”

Srengenge ing kulon wis angslup. Wengi gemrudug teka. Gimun ngadhepi blangkone Eyang Raden Buwono, sing saiki wis malih putih. Disawang karo sirahe gela-gelo. Mesam-mesem, kalegan. Sepisan maneh dicoba ana sangarepe kaca lemari pakeyan. Gimun rumangsa durung memper nganggo helem. Njupuk spidhol terus diwenehi setrip kombinasi abang-ireng. Mondhole dikelir abang-mbranang.

“Whoo, wis gendheng tenan aku saiki!” grenenge karo ngalih saka ngarep kaca.

Esuk iku ceket-ceket Gimun anggone persiapan. Kebeneran bapake durung wungu. Diinceng saka bolongan kunci isih ngringkuk. Ibune wis iwut ing pawon. Gimun kanthi ora sengaja mandheng potone bapake, nalika isih durung pensiun saka tentara. Katon gagah lan kebak wibawa. Kajaba tandha pangaji-aji pinangka labuh-labete marang nusa lan bangsa. Gimun kaya cah edan tenan. Ngadeg jejeg, aweh hormat karo ngangkat tangane loro pisan.

“Sarapan...” Ibune njewer saka mburi. Gimun njondhil, kaget.

“Hwaduhh!!!”

Lagi bae nglebokake sendhik ing cangkeme, wis ditabrak pitakone ibune bab helem. Gimun matur terus terang yen digawa pacare, arep njaluk sungkan. Kanggo ngendhani pulisi, mula dheweke banjur pokal gawe ngecet blangkone, kanggo helem. Ibune ngguyu kemekelan.

“Bapakmu biyen ya kaya kowe le. Nalika aku api-api nulak lamarane, bapakmu terus semaput. Bih, aku dadi bingung. Bareng dak tumpangake pangkon, karo dak gosok-gosok lenga putih, bapakmu malah mesem-mesem karo kandha, matur nuwun, matur nuwun dhik! Wis mari...”

Gimun wis nggeblas numpak pit montore. Ing ndalan Gimun bola-bali kleru anggone nganthuki uwong padha heleman kang disengguh kancane. Malah bareng salang liwat karo gurune Gimun ora manthuk, marga saka kadohan ora bisa dititeni yen iku gurune. Ah, jan repot. Ora ngerti endi sing wis kenal lan endi sing durung kenal. Kabeh padha, ora bisa dititeni.

Atine Gimun nratap nalika mlebu dalam protokol pranyata wis dijaga pulisi nyrangap. Bola-bali atinr bebisik, menggok amrih ora liwat dalam protokol kanthi helem blangkonan. Nanging dhewekan ora preduli. Nekad bae.

“Priiittt!!!!!”

Gas malah ditancepake. Pulisi kanthi Chip’s putih nguber, nganti kecekel.

Kupingmu budheg ya!” panggetake pulisi mau karo njagang pit montor putih. Marani Gimun karo nyoplok kaca mata riben, ireng, “Surat-surat!”

Gimun ora mangsuli, banjur ngetokake surat-surat kendharaan karo SIM. Diulungake tanpa wani mandeng raine pulisi mau. Keteg jantungge gumeder kaya bedhug tagbir. Ewasemono Gimun isih bisa eing kari pacare, yen esuk iku kangsen ketemu ing kantin.

“Dari mana SIM ini?”

Gimun ora wani wangsulan. Wedi yen pulisi mau bakal kasenggol rasa pangrasane.

“Dari mana kau dapat SIM ini? Jawab!!”

“Beli, pak!” wangsulane Gimun kedher.

Plak... Plak...!

Gimun kaget. Mara-mara pipine dienggo terbang pulisi gedhe dhuwur bregos iku. Panas, rasane! Gimun mbrabak, nanging banjur thukul kuwaneni mangsuli:

“Lho Pak, apa saya mengatakan SIM ini beli itu salah?”

“Kau tahu helm mu itu menghina polisi!”

“Bapak tak pernah mau tahu kesulitan saya.”

“Cerewet! Saya hanya ingin tahu kau harus memakai helm bila lewat jalan ini. Ini peraturan! Titik!”

Gimun bali ndhingkluk karo ngelus pipine sing isih krasa panas. Saupama ngantem watu ora nambahi prekara, tangane genah wis wiwir mau nyaut watu, banjur wer... dibalangake!

“Kalau kau tidak terima, boleh! Saya tidak akan gentar. Sebab saya menegakkan peraturan, demi keselamatan saudara juga demi peraturan.” Pulisi kuwi malang kerik; semu nglirik.

Gimun nglirik blangkone sing dicekethem pulisi. Karepe pengen ngrebut terus digawa mlayu nggeblas. Nanging bareng nyawan tangane pulisi sing kanggo nyekeli blangkon mau gedhene ping telune tangane dhewe, niyate kandheg. Embuh ngomel apa bae pulisi mau, ora digatekake. Saka akehe anggone ngumeng-umeng, malah nggawe serike atine Gimun. Ing batin Gimun pitakon: “Geneya prekara ngono bae ora diurus kanthi alus.”

“Blangkon ini boleh kau ambil, asal kau sudah punya helm. Kalau tidak, saya simpan atau saya buang, atau saya apakan saja, itu urusan saya.”

“Di kota ini, apa bapak sudah kenal dengan Pak Sulogo?” pitakone Gimun semu gemeter karo nyetater pit montore.

“Ya, kena apa belum?” wangsulane pulisi mau sajak kaget.

“Itu ayahku!”

Wong loro pandheng-pandhengan sedhela. Gimun ngegas pit montore terus nggeblas. Keluk knalpot putih atine campur ireng ngembuleng, ora beda karo nggembuleng atine.

Saka kaca spion Gimun nyawang pulisi mau, isih katon durung obah saka panggonane, karo isih tetep nyekeli blangkon putih.

Jaya Baya, No. 43

Tanggal 23 Juni 1985

Terjemahan Cerpen 5 dalam bahasa Indonesia

## BLANGKON

Oleh: Yusuf Susilo Hartono

Gimun melamun di depan pintu. Tangannya masih berlumuran cat. Sekelebat ia merasa ada polisi lalu lintas yang lewat. Ternyata hanya matahari sore dari sela-sela pohon bambu sebelah barat rumahnya yang hendak menjenguk malam. Gimun merasa ada pak polisi yang berkelebat lagi. Ternyata hanya potongan mimpi semalam. Ririn, pacarnya yang kelas dua IPA itu mengajaknya lomba pumpung banjir.

Gimun mencoba memejamkan matanya lebih lama. Ia berharap bisa kembali mengulang mimpi yang semalam. Seperti sebuah adegan film yang diputar ulang. Gimun gelagapan. Karena ternyata yang hadir dalam mimpinya bukanlah Ririn melainkan polisi lalu lintas.

“Gila!”, gerutunya sambil mengucek-ucek mata. Sebabnya sepele. Helm!

Sekolah Gimun terletak di jalan protokol. Seluruh jalan protokol tiap pagi dijaga polisi lalu lintas. Mobil dan sepeda motor Chip's yang digunakan untuk mengejar, seandainya ada yang melanggar dan melarikan diri.

Gimun kehabisan akal. Helmnya cuma satu, dan telah ia pinjamkan pacarnya. Ingin memintanya tapi sungkan. Sekarang ia sendiri yang repot. Beberapa hari ini, sebelum jam enam Gimun sudah sampai di sekolah. Pasalnya pada jam itu jalan protokol yang ia lewati belum dijaga polisi. Aman, meski tak memakai helm.

Teman-teman Gimun yang mempunyai sepeda motor pun tak kalah puyeng. Mereka sampai harus berangkat sekolah lewat jalan tikus. Singkatnya jalan protokol malah sepi. Sebaliknya jalan kecil di tengah kampung jadi padat, dipenuhi pengendara motor tak berhelm.

“Hemm..., lucu sekali! Aku jadi bingung, tidak bisa mengenali temanku satu persatu. Bagaimana tidak, kepala mereka dibungkus semua. Dari jauh sama sekali tak bisa dibedakan. Mana si A, si B dan seterusnya. Tak bisa dibedakan, semua sama.”

Gimun menggerutu sendirian. Bihh..! Pusing tujuh keliling. Bagaimana tidak puyeng setiap hari. Tetapi hal sedemikian itu tidak bisa dibuat alasan di depan polisi. Pokoknya, polisi cuma ingin tahu, siapa saja yang lewat jalan protokol harus memakai helm! Tidak peduli dari mana helm itu didapat. Mau dari

kredit, hutang, pinjam, mencuri, hadiah dari bos, tak ada peduli! Gimun tak pernah usai memikirkan masalah ini.

“Gombal!” umpat Gimun, “Mengapa membangun sekolah saja harus di dekat jalan protokol. Kalau akan ada peraturan helmisasi seperti ini bukankah lebih baik mendirikan sekolah di tengah sawah, aman. Udaranya pun bersih, tak ada polusi. Suasananya tenang, tidak bising. Pemandangannya pun bebas, tidak sumpek. Menyesal aku!”

SMA Negeri Gimun memang dibangun di jalan protokol, dekat gereja. Juga tidak jauh dari masjid, pemerintah daerah dan kantor bank. Sebelum kantor polisi pindah, persis di depannya, dekat jalan protokol. Kabarnya SMA Gimun itu telah berhasil mencetak banyak pemimpin di pemerintah pusat. Oleh karena itu tidak heran jika SMA Negeri itu jadi incaran setiap murid yang lulus SLTA dan ingin meneruskan studi. Bahkan ada beberapa masyarakat yang merasa tidak sreg kalau anak mereka bukan tamatan sana, sekalipun sama-sama SMA Negeri.

Sekolah itu memiliki pelataran yang luas, teduh dan asri sebab ditumbuhi pohon-pohon flamboyan dan tanaman hias. Bangunannya berbentuk O segi empat. Di sebelah utara ada panggung terbuka, untuk pagelaran seni. Yang lebih hebat lagi adalah salah satu murid sekolah ini ada yang menjadi juara matematika tingkat nasional. Jan, tambah huebaaattt!!!

“Mun!” Suara bapaknya yang seperti petir di tengah kemarau membuatnya kaget. Belum sempat ia menimpal suara itu sudah memburunya lagi. Sepertinya bapaknya benar-benar murka.

“Kamu ini gila ya! Kenapa blangkon warisan kakekmu kamu cat putih kayak gitu? Aku kan sudah pernah memperingatkan! Telingamu itu *geblek* apa *krupuk*. Blangkon itu adalah warisan kebudayaan kita. Kebudayaan bangsa. Kelakuanmu ini adalah pelecehan, pelecehan yang sebesar-besarnya.”

Gimun tertawa dalam hati. Tapi ia berusaha agar tawanya tak sampai meledak. Kalau sampai itu terjadi, urusannya bisa runyam. Maka ia pun memasang topeng kesedihan di wajahnya.

“Mun! Beberapa hari ini kok Bapak tidak pernah lihat kamu pakai helm. Helmmu kamu ke manakan, he? Bukannya uang sakumu sudah cukup. Apa kamu loakkan untuk mentraktir teman-temanmu itu? Jawab!”

Sebelum apa yang ditanya menuai jawab, dewi welas asih sudah lebih dulu datang. Ibu gimun turun dari becak. Seperti biasa, pulang arisan! Melihat Gimun kena damprat, hatinya pun gusar. Gusar karena Gimun adalah anak satu-satunya yang masih hidup. Sebenarnya, tiga bersaudara, tapi yang lainnya telah mati lebih dulu. Menjadi korban wabah demam berdarah tahun lalu.

“Sampeyan ini apa tidak bisa tidak marah sehari saja. Gimun kan sudah dewasa. Kan bisa dinasihati dengan halus.”

“Ibu ini selalu saja membela anak. Tidak peduli benar atau salah. Apa Ibu pikir apa yang Bapak lakukan ini tanpa perhitungan. Kalau saya teruskan, nanti Ibu ganti menyalahkan, kalau sudah begitu, mengungkit-ungkit lagi sesuatu yang sudah lama terkubur.”

“Sudah, sudah, sudah..”

Matahari telah terbenam di ufuk barat. Malam datang serentak. Gimun memandangi blangkon Eyang Raden Buwono, yang sekarang telah menjadi putih. Ia menatapnya dengan kepala yang sesekali terayun ke kiri dan ke kanan. Tersenyum-senyum puas. Sekali lagi ia mencobanya di depan kaca almari pakaian. Ia merasa bangklon itu belum mirip helm. Diambilnya Spidol dan menorehkan garis kombinasi warna merah dan hitam. Bagian moncong belakang ia warnai merah yang menyala.

“Whoo, benar-benar sudah gila aku sekarang!” recaunya sambil beranjak dari depan kaca.

Pagi itu Gimun bercepat-cepat menyantap sarapan. Kebetulan bapaknya belum bangun. Ia mengintipnya dari lubang kunci, masih terlelap. Ibunya sudah dari tadi di dapur. Tanpa sengaja ia melihat foto bapaknya sewaktu belum pensiun dari tentara. Terlihat gagah dan penuh wibawa. Terlebih lencana yang tersemat sebagai tanda atas jasa baktinya kepada nusa dan bangsa. Gimun benar-benar seperti gila. Berdiri tegak, memberi hormat dengan kedua tangan terangkat sekaligus.

“Sarapan...” Ibunya menjewer telinganya dari belakang. Gimun melonjak kaget.

“Hwaduhh!!!”

Baru saja memasukkan beberapa sendok ke mulutnya, ia sudah dicerca pertanyaan ibunya perihal helm. Gimun terus terang kalau helm itu dibawa pacarnya, mau memintanya sungkan. Agar selamat dari polisi maka ia mengecat blangkon, sebagai ganti helm. Ibunya tertawa terpinggal-pingkal.

“Dulu Bapakmu juga seperti kamu. Waktu Ibu menolak lamarannya, Bapakmu pingsan. Bih, Ibu jadi bingung. Setelah Ibu sandarkan di pangkuan dan mengolesinya minyak putih, Bapakmu malah tersenyum-senyum sambil berkata, terima kasih, terima kasih Dik! Aku sudah sembuh...”

Gimun sudah pergi dengan sepeda motornya. Di jalan ia berkali-kali salah menggukkan kepala; menyapa orang berhelm yang disangka temannya. Justru saat

berpapasan dengan gurunya ia malah tidak mengganggu, karena dari jauh sama sekali tak bisa dikenali kau itu adalah gurunya. Ah, repot sekali. Tak bisa dibedakan mana yang sudah ia kenal, mana yang belum. Semua sama, tak ada beda.

Hati Gimun mulai was-was pas masuk jalan protokol ternyata telah dijaga oleh polisi. Berkali-kali hatinya berbisik agar berbelok dan urung melintas jalan protokol dengan helm blangkonnya. Tapi ia tak peduli. Nekat saja.

“Priiittt!!!!!”

Ia malah menancap gas. Polisi mengejarnya dengan Chip’s putih. Sampai akhirnya ia tertangkap.

“Telingamu tuli ya!” hardik polisi itu sambil memasang standar sepeda motor putihnya. Lalu melangkah ke arah Gimun sambil melepas kacamata hitamnya, “Surat-surat!”

Gimun tak menjawab, langsung mengeluarkan surat-surat kendaraan dan SIM. Mengulurkannya tanpa berani menatap wajah polisi tadi. Detak jantungnya bergetar seperti bedug yang ditabuh. Meskipun begitu ia masih saja teringat pacarnya, kalau pagi ini mereka janjian ketemu di kantin.

“Dari mana SIM ini?”

Gimun tak berani menjawab. Takut kalau polisi itu akan terluka perasaannya.

“Dari mana kamu dapat SIM ini? Jawab!!”

“Beli, Pak!” jawab Gimun gemetar.

Plak... Plak...!

Gimun kaget. Tahu-tahu pipinya dipakai ketimpungan oleh polisi berbadan besar dan tinggi serta berkumis itu.

“Lho Pak, apa saya mengatakan SIM ini beli itu salah?”

“Kamu tahu helmmu itu menghina polisi!”

“Bapak tak pernah mau tahu kesulitan saya.”

“Cerewet! Saya hanya tahu kamu harus memakai helm bila lewat jalan ini. Ini peraturan! Titik!”

Gimun kembali tertunduk sambil mengelus pipinya yang masih terasa panas. Seumpama melempar batu tidak menambah masalah, tangannya sudah dari tadi mengambil batu dan melemparkannya ke polisi itu.

“Kalau kamu tidak terima, boleh! Saya tidak akan gentar. Sebab saya menegakkan peraturan, demi keselamatan Saudara juga demi peraturan.” Polisi itu berkacak pinggang; sedikit melirik.

Gimun melirik ke arah blangkonnya yang dibawa polisi. Ia ingin merebutnya lalu melarikan diri. Tapi setelah melihat tangan polisi itu lebih besar tiga kali lipat dari tangannya, ia urung. Entah mengomel apa saja polisi itu, ia sama sekali tak memperhatikannya. Saking banyaknya yang dikhutbahkan, malah membuat hati Gimun jemu. Dalam batinnya ia bertanya: “Kenapa masalah seperti ini saja tidak diurus dengan halus.”

“Blangkon ini boleh kamu ambil, asal kamu sudah punya helm. Kalau tidak, saya simpan atau saya buang, atau saya apakan saja, itu urusan saya.”

“Di kota ini, apa Bapak sudah kenal dengan Pak Sulogo?” tanya Gimun dengan sedikit gemetar sembari men-*starter* sepeda motornya.

“Ya, kenapa belum?” jawab polisi tadi seperti kaget.

“Itu ayahku!”

Dua orang itu beradu pandang sebentar. Sesaat kemudian Gimun mengegas motornya dan berlalu. Asap knalpot putih bercampur hitam mengepul, tak jauh berbeda dengan hatinya yang bercampur-aduk.

Dari kaca spion Gimun melihat polisi tadi, masih belum beranjak dari tempatnya, juga masih tetap memegang blangkon putih.

Jaya Baya, No. 43

Tanggal 23 Juni 1985

*Lampiran 13*

## Cerpen 6

**ALI-ALI SAJRONING KUE TART****Dening: S. Lin**

Melem minggu aku nekani undhangan temantene Hartono, kanca kenthelu. Resepsine nang Gadhung Wanita. Bengi iku pas ora udan kaya biasane. Langit padhang semilak, lintang-lintang ing angkasa katon abyor. Rembulan tanggal ping limalas katon mesem ing walike pucuk wit sana kang tinandur tharik-tharik saurute dalan Teuku Umar.

Budhalku saka ngomah numpak becak. Tekan Gedhung Wanita kursi-kursi sing disediakake wis meh kebak dening para undhangan, mung kari siji loro wae sing isih kosong. Aku milih lungguh manggon larikan mburi dhewe, menggko metune ben cepet.

Jam wolu acara resepsi diwiwiti. Senajana ora nganggo hiburan tari-tarian, band lan sapunanggale, ning swasana resepsi regeng banget. Temantene sakloron lungguh ngedhengkreg neng kuwadhe. Dekorasi apik, rinangga hiasan maneka warna lan janur. Lampu-lampu disko pating kerlip nyengsemake.

Ing ngarepe temanten dicepakake kue tart awangun menara cilik. Ing pucuke diwenehi boneka temanten sakloron. Acara mbaka acara lumaku klawan lancer. Acara sing pungkasan yaiku pemotongan kue tart. Iku mujudake acara kang paling disenengi pada mudha-mudhi khusus sing during duwe pacar. Sedhela wae temanten wis dirubung mudha-mudhi sing nedya antri kue tart ngiras nyalami temanten.

Pemotongan kue tart wis rampung. Kasusul pengumuman sapa kang oleh ali-ali sajroning kue tart disuwun maju ing sacedhake temanten. Ora let suwe sawijining bocah wadon ngadeg saka palungguhane, miyak ing sela-selaning undhangan liyane. Alon-alon mlaku tumuju papan kang disediakake. Lakune kairing keploke para undhangan. Dheweke mapan ngadeg ing sisih kiwane manten putrid. Rok bludru kuning emas kang dienggo katon gilar-gilar kesunaran lampu dekorasi. Panyawange ngiteri para undhangan kang lungguh sangarepe. Kala-kala tangane kemlawe nata kaca mripat putih polos sing nempel ing raine. Rambute potongan Lady Di. Ah, cakep banget. Bodhine karo panganggone serasi.

Sepisan maneh pamicara ngambali giyarane, sing sapa oleh ali-ali supaya enggal maju. Ali-ali isih tak gegem. Jantungku saya nitir dheg-dhegan. Sidane aku nurute panyuwune pamicara. Ora beda karo bocah mau, lakuku uga kairing

kepok kang rame diselingi swara suwat-suwit. Ning aku ora migatekake kabeh kuwi, setel kalem. Njur aku mapan ngadeg ing sisih tengene manten pria.

Acara sateruse ijol-ijolan ali-ali. Ali-ali sing tak cekel, tak lebokake ing jari manise. Ali-ali sing digawa bocah wadon kuwi uga dipasang ning drijiku. Sepisan maneh sorak lan keploke para undhangan keprungu mbata rubuh ngebaki gedhung. Tanganku krasa kedher nalika nyekel drijine sing alus ngeri tanjang kuwi. Rasa kumepyar nggremet tekan telenge jantung. Sinat lampu blitz pating clerap. Embuh ping pirang jepretan wae gambarku lan bocah wadon kuwi mlebu ing kamerane tukang foto.

Ora ngira ngimpi yen bengi iki aku nampa kabegjan kaya ngene, dadi manten dadakan. Senenge atiku ora bisa tak gambarake. Senajan mung sakedhap netra, ning angel tak lalekake. Tenan! Bocah ayu kuning kuwi tak salami, salam kang sepisanan nuli pepisahan bebarengan karo buyare resepsi. Para undhangan uyel-uyelan rebut metu dhisik. Aku kelangan lacak marang bocah wadon mau. Tak papag ing ngarep lawang. Saben wong liwat tak sawang, mripatku nganti krasa sepet sida ora nemokake.

Isine gedhung wis kosong ora ana wong sing keru. Aku cepet-cepet numpak becak ngetan metu lore alun-alun. Karepku yen ketemu arep tak jak kenalan dhisik, jalaran neng njero mau ora sempat kenalan babar pisan. Apa maneh bab omahe utawa identitas liyane malah ora ngerti, weruh bocahe wae lagi pisan thil. Mripatku tansah mentheleng ngingeti saben becak sing tak selip. Uga bocah-bocah putri sing mlaku dhampyak-dhampyak ing trotoar ora luput saka panyawangku. E...mbok menawa dheweke mlaku karo kancane.

Tekan dalan prapatan ngarep Toko Santi, dumadakan mripatku kesentrong lampu kang mblerengi, cedhak banget. Tansaya cedhak! Banjur mak pet! Petang dhedhet lan sepi... sepi banget. Kabeh mung ireng lan meneng.

Melek byar... Sesawangan katon putih. Tembok putih, pyan putih lan sing tak nggoni uga putih. Lamat-lamat keprungu swara wong asesambat kelaran. Ana sing nggereng utawa ngrintih. Mripatku tak lekake amba, nglirik ngiwa nengen. Astaga...! Jebul sing tak nggoni iki rumah sakit. Mak pet, mripatku merem maneh lan kupingku ora krungu apa-apa. Aku bali semaput maneh.

Wancine jam pitu esuk aku lagi sadhar. Awak krasa pating trencem perih. Sikilku kiwa diperban mbedhinggul. Sirahku uga diubel-ubeli perban. Sedina, rong ndina, nganti telung ndina ing bilik kono aku wis ora betah. Bilike los tanpa ana singgetane. Saben wektu mripat lan kuping iki tansah disuguhi pasien-pasien kang nrenyuhake. Yen tak empet, wah... mengkono laraku ora enggal waras.

Aku njaluk pindhah ing pavilyun mburi oleh kamar cedhak kantor. Ing kamar kono atiku wiwit nyicil tentrem lan ayam. Dina Kamis sore Hartono karo sing putri bezuk aku. Aku diwenahi foto kenang-kenangan nalika ijol-ijolan ali-

ali temantene dheweke malem Minggu kepungkur. Foto berwarna sak lembar kuwi ing walike ditulis jenengku lan jenenge bocah wadon sing awor kono. “Erna S.” ngono jenenge bocah wadon sing tansah dadi kembang impenku.

“Har, apa bener bocah iki jeneng Erna. Isih sekolah apa wis nyambut gawe?” pitakonku marang Hartono.

“Ya sing tak tulis neng foto kuwi jenenge. Saiki bocahe isih sekolah. Sir ta Gus kowe, sajake kok nlesih temen?” Aku mung ngguyu lirih. Hartono tanggap marang guyuku kuwi.

“Wis ta kuwi soal gampang. Suk yen kowe wis waras tak tepungake. Ning kudu tenanan lho. Mengko gek dingo iseng thok,” bojone Hartono urun rembug.

“Lha..., kuwi nyonyahku wis nyanggupi. Wis ta tanggung beres. Ning aja lalu komisine kanggo aku lho!” kandhane Hartono karo ngelus-ngelus sikilku sing perbanan. Aku ora bisa ngomong apa-apa, isaku mung klecam-klecem obor mau saiku malih dadi padhang. Dalan kang tumuju ing omahe Erna wis trontong-trontong kabukak dening tekane Hartono sak bojone. Jam setengah nem Hartono lan sing wadon pamitan mulih.

Wiwit jam pitu udane neba mak bres. Foto kenangan kuwi bola-bali tak sawang, tak elus-elus ora bosen-bosen. Ora eling aku nganti keturon. Nglilir wis jam sewelas limang menit. Awakku krasa panas. Aneh, udan-udan kaya ngene kok ora krasa adhem, malah krasa panas. Grayang-grayang nggoleki foto ora ana. Slimut tak kebatake, seprei tak tlusuri lan ngisor dhipan tak anguk, sida ora ana. Atiku jibeg nambahi awak saya panas. Lawang kamar tak sawang isih panggah tutupan. Apa ana wong mlebu mreng? Lamun ana kanggo apa njupuk foto sing ora ana hubungane karo dheweke, batinku ijen. Pancen ing kamar iki aku kerep kijenan, wong tuwaku utawa sanak pamiliku ora tak kabari. Aku kuwatir yen ndadekake susahe.

Rasane awakku tansaya panas. Kenop bel sing ngubungake kantor tak pijet. Ora let suwe lawang kamarku diwengakake saka njaba. Sing teka dudu Mantri kesehatan utawa Dokter, ning salah sawijining siswa SPK putri nganggo seragam putih-putih, dirangkepi jaket biru. Mbokmenawa kanggo nulak hawa adhem ing wengi kang udan rimis-rimis.

“Apa bener sampeyang sing mentas ngebek mau?” pitakone sopan.

“Arep ngersakake apa?”

“Adhuhhhh, awakku krasa panas banget. Tulung paring obat kang bisa ngudhunake panas iki,” jawabku rada serak. Dlamakan sikilku didemek, epek-epekku lan guluku sakngisore kuping. Tumempleke tangane adhem cres kaya es. Banjur temperature awakku dites nganggo thermometer. Embuh pirang drajat aku

ora ngerti. Siswa kuwi metu ninggalake kamarku. Ora suwe bali maneh. Aku diwenahi pil parasetamol, kanggo ngudhunake panas. Pil tak ombe karo banyu putih.

“Matur suwun Sus,” tembungku lirih. Dheweke isih katon ngadeg anteng ing cedhake dhipanku, panyawange manter mawang aku.

“Apa bener sampeyan asmane Agus Susilo?” pitakone marang aku.

“Lho...kok ngerti jenengku?!” Aku rada kaget nalika jenengku diucapake kanthi jelas.

“Aku ndeleng daftar pasien sing ana kantor.” Dheweke nuli ngetokake kertas putih saka sak jaket, banjur tembunge:

“Iki fotone sapa, apa bener fotone sampeyan?!” Sing tak kira kertas mau jebul foto. Ngertiku sakwise foto mau diadhepake aku. Pranyata foto kuwi fotoku sing ilang dhek mau nalika aku keturon.

“Lho, kuwi rak fotoku, kapan lehmu mundhut?” pandumukku.

“Maaf mas, aku wis kumawani njupuk foto iki. Aku mlebu kamar kene kira-kira jam sepuluh mau. Sampeyan bengok-bengok tak tiliki, jebule nglindur. Aku ketarik banget marang foto iki kang gumlethak ing tegel, njur jupuk tak gawa nyang kantor. Apa sampeyan wis tepung karo bocah wadon iki?”

“Durung,” jawabku cekak.

“Umpama foto iki tak suwun rak pareng ta?”

“Sorry Sus. Foto kenang-kenangan kuwi mung sak lembar. Karo maneh kanggo apa foto sing ora ana gandheng cenenge karo kowe arep kok simpen?” Suster kuwi mesem.

“Mas, sampeyan rak durung ngerti ta sapa sejatine sing ana ing foto iki?”

“Mau wis tak kandhani yen aku durung kenal. Apa Suster kenal?” Dheweke ngguyu lirih karo mbuwang lirikan sing narik ati.

“Ora trima kenal, wong iki fotoku kok. Sampeyan ora percaya, iki jenengku pirsanana.” Jakete dibukak sethithik. Ing dhadhane sisih kiwa tulisan ireng “Erna Setyaningrum.” Ning aku ora gampang terus percaya. Praene ora cocok karo foto kuwi, pancen sithik-sithik rada memper. Dheweke tak sawang saka pucuke rambut nganti tekan dlamakan.

“Yen sampeyan isih during percaya kang tak kandhakake, aku isih duwe bukti otentik siji maneh. Coba ali-ali iki cocokake karo ali-aliku, ya ali-ali sing ana sajroning kue tart winginane. Gedhene padha, wangune persis. Kodhe sing ana sisih njero uga pleg ora geseh, kodhe jenenge Hartono lan sing putri.

“Er..., sepuramu wae sing gedhe ya. Aku pangling, tenan kok ora gawe-gawe. Ndhisik kowe nganggo kaca mripat, kosmetikan lan macak sarwa gemerlapan. Bareng saiki pakeyan seragam tambah katon...,” dheweke langsung tak undang jenenge.

“Tambah elek!” semambung.

“Ora, kowe tambah manis,” tembungku wiwit ngguyoni. Erna mesem marem krungu pangalembanaku. Awakku mbaka sethithik wiwit krasa adhem. Tekane Erna kumawa nyilep geni mubal-mubal sajroning ragaku. Sing nyenengake maneh, lantaran foto kuwi aku bisa nemokake Erna. Sawise ali-ali tak balekake, dheweke pamitan bali nyang kantor.

“Wis ya, sugeng sare, nganti ketemu ing dina sesuk.” Tembunge renyah. Dheweke tak sawang nganti ilang ing njabane lawang. Bubar kuwi aku bisa turu kanthi taneg klawan sangu impen kang endah.

Wiwit iku sesrawunganku karo Erna tambah raket. Yen dhong ora ana tugas dheweke kerep ngancani aku ing kamar iki. Kadhang-kadhang kanca-kancane uga melu. Saya suwe tatu-tatuku sing bubar kacilakan ketabrak montor tambah suda larane. Malaku oleh tamba obat, dening atiku oleh lelipur saka Erna. Sikilku kang tatu wis kuwat nyangga awak senajana isih rada pincang.

“Mas Har, mau awan Dokter Hadi rak wis dhawuh yen suk Minggu sampeyan wis diparengake kondur,” kandhane Erna karo nggeret kursi nuli lungguh jejer karo aku ing teras ngarepe kamarku, ing dina Jumat sore.

“Er..., aku ngrasa seneng ananing kabar kuwi. Kabeh saben pasien kang opname ing rumah sakit tansah ngarep-arep kabar becik kuwi. Ning ing walike rasa seneng mau ana rasa ngganjel ing atiku.”

“Ngganjel, apa sebabe? Apa durung ana biaya kanggo mbayar sakkabehe wragat ing rumah sakit iki?”

“Ora Er, soal kuwi aku entuk beaya penggantian penuh saka kantor.”

“Haa, terus...”

“Aku arep nyuwun perpanjangan wektu marang Dokter amrih diparengake tetep ing kemar kene sauntara dina maneh. Yen aku mulih dina Minggu ngarep iki

ateges aku kudu perpisahan karo kowe. Sesrawunganku saya adoh, ora bisa ketemu saben wektu kaya iki,” Erna ngguyu rada seru karo nyeblek pupuku.

“O, bab kuwi ta. Gak perlu kuatir, Mas. Yen malem Minggu rak isa ta sampeyan tindak nyang asramaku, utawa Minggu awan aku dolan nyang kostane sampeyan.” Rasa katresnanku marang Erna wiwit thukul subur ing rumah sakit iki.

Aku meneng. Panyawangku takbuwang adoh. Ngawasi lawa-lawa kang padha mabur metu saka pupus-pupus gedhang sawetane pager rumah sakit. Godhong lamtara padha mingkup mapagake tekane candhikala. Wong-wong kang besuk marang sanak pamiline. Wiwit pathing sleri metu, ninggalake kamar pasien.

“Mas Agus...,” panyeluke Erna mbuyarake lamunanku. Aku mlengak. Panyawangku tempuk karo panyawangane Erna.

“Mas, bab iki kudu dipenggalih kanthi wening. Sampeyan kudu ngerti menawa kamar iki akeh sing nggenteni. Isih akeh pasien sing durung entuk kamar utawa pasien saka bilik liyane antri golek sing luwih becik. Sampeyan wis ngalami ndewe, kepriye kahanane ing bilik sing kok tinggalake wingenane. Ing kana sampeyan dhewe ora krasan. Ora-ora Mas, yen aku bakal lali karo mas Agus.” Klawan ora sadhar tangane Erna tak gegem kenceng.

“Er, bener kandhamu kuwi. Aku nurut, mulih suk Minggu awan.” Erna mesem, lambene sing teles madu kuwi katon mekrok abang menger-menger.

Dina Minggu esik Erna wis tekan kamarku ngrewangi ringkes-ringkes barang-barangku. Kabeh kwitansi lan surat-surat liyane wis diurusake Erna. Jam sepuluh aku sida ninggalake rumah sakit. Mulihku numpak becak diterake Erna nganti tekan kostan. Sedalan-dalan atiku krasa mongkog, lungguh sak becak karo Erna. Sorene Hartono, sisihane lan Erna runtung-runtung dolan ing kostanku. Lungguh kursi tepleg langsung Hartono mbukak acara.

“Wis waras tenan, Gus?”

“Wis, Har” jawabku cekak.

“Piye, rak wis kenal cewek iki ta?” muni ngono Hartono karo nyawang aku nuli nyawang Erna sing lungguh kursi sisih tengene. Sing disawang ndhingkluk, isin.

“Kowe ora usah menehi komisi aku, cukup sore iki nraktir bakso karo es degan. Setuju?” Hartono nagih janji.

“Mesthine sing kudu nraktir ki kowe, Har. Mosok wong bar lara diedhel-edhel sake. Bab aku tepung karo Erna kuwi rak kenal-kenalku dhewe.”

“Lantaran foto ta. Sak temene sing ngatur kabeh kuwi aku lan sisihanku. Ali-ali sing siji tak tibakake kowe lan sijine taktibakake Erna. Erna iki mono adhike bojoku.”

Jaya Baya, No. 5

Tanggal 30 September 1985

Terjemahan Cerpen 6 dalam bahasa Indonesia

## CINCIN DI DALAM KUE TART

Oleh: S. Lin

Malam Minggu, aku menghadiri undangan pernikahan teman dekatku, Hartono, di Gedung Wanita. Kebetulan malam itu tidak hujan seperti biasanya. Langit terang benderang, bintang-bintang di angkasa nampak berkerlipan. Rembulan bundar tanggal lima belas seperti tersenyum-senyum di balik pohon yang berjejer rapi, berderet-deret sepanjang jalan Teuku Umar.

Aku berangkat dari rumah naik becak. Sesampai di Gedung Wanita, kursi-kursi yang tersedia sudah nyaris terisi semua oleh tamu undangan, hanya tersisa satu-dua saja yang masih kosong. Aku memilih duduk di barisan paling belakang agar nanti bisa lekas-lekas keluar.

Jam delapan tepat acara resepsi dimulai. Meski tanpa hiburan tari, band atau yang lain, akan tetapi suasana resepsi tetap meriah sekali. Dua mempelai pengantin duduk bersanding di pelaminan. Dekorasi yang elegan, hiasan aneka ragam warna dan janur. Lampu-lampu disko yang berkerlap-kerlip menawan.

Di depan mempelai terhidang kue tart yang menyerupai miniatur menara. Pada bagian pucuknya ditancapi dua boneka pengantin. Keseluruhan acara berlangsung lancar. Acara terakhir adalah pemotongan kue tart yang merupakan acara yang paling disukai oleh pemuda-pemudi, terlebih bagi mereka yang belum punya pacar. Sekejap, kedua pengantin itu telah dikerumuni para pemuda yang telah mengantre untuk dibagi kue tart dan sekaligus bersalaman dengan kedua pengantin.

